# O’zbekstan Respublikası joqarı h’a’m orta arnawlı bilimlendiriw ministirligi

# Berdax atındag’ı
# Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti

## Tariyx-h’uqıq fakulteti

**«Milliy g’a’rezsizlik ideyası, h’uqıq h’a’m ruwxıylıq tiykarları» qa’niygeliginin’ 4-kurs studenti**

***Allaniyazov İlxamnın’***

**pitkeriw qa’niygelik jumısı**

**Tema:**

# *Siyasiy partiyalar do’retiwshi ideyalardi a’melge asiriwshi subktler sipatinda*

**İlimiy basshısı** *Ulıqbek Jalmenov*
Milliy g’a’rezsizlik ideyası,
h’uqıq h’a’m ruwxıylıq tiykarları
kafedrasının’ u’lken oqıtıwshısı,
O’zbekstan Respublikası
Oliy Majlisi deputatı

**Kafedra baslıg’ı** *Bayrıeva Almagul*
filosofiya ilimlerinin’ kandidatı,
dotsent

**No’kis 2012 jıl**

## MAZMUNI

*Kirisiw*……………………………………………………………………………3

**I -BAP. BU’GİNGİ DU’NYaNIN’ İDEOLOGİYaLIQ KO’RİNİSİ HA’M İNSAN QA’LBİ UShIN GU’RES**

**§ 1.** ***Milliy rawajlanıwda ideya h’a’m ideologiyanın’ ornı*** ……………………7

***§2. G’alabalasıw sharayatlarındag’ı ideologiyalıq protsessler h’a’m ideologiyalıq immunitetti ku’sheytiw wazıypaları*** …………………………………………13

**II-BAP. SİYaSİY PARTİYaLAR DO’RETİWShİ İDEYaLARDI A’MELGE ASIRIWShI SUBKTLER SIPATINDA**

***§ 1. O’zbekstanda ko’p partiyalıq h’a’m onın’ tendentsiyaları***…………………26

***§ 2. O’zbekstandag’ı siyasiy partiyalardın’ maqsetleri, ideyalıq negizleri h’a’m bu’gingi do’retiwshilik ta’jriybeleri***……………………………………...36

***Juwmaq***…………………………………………………………………………52

***Paydalanılg’an a’debiyatlar dizimi***……………………………………….56

## Kirisiw

**Temanın’ aktuallıg’ı.** O’zbekstannın’ g’a’rezsiz rawajlanıwı da’wirinde ekonomikanın’ rawajlanıwı, xalıqtın’ real da’ramatların’ o’siwi, xalıqtı sotsiallıq qorg’aw ushın bag’darlang’an ma’mleket qa’rejetlerinin’ bir neshe barabar ko’beygeni, turmıs da’rejesinin’ sezilerli da’rejede jaqsılang’anı ja’ne basqada unamlı o’zgerislerge erisiwi menen xarakterlenedi. Bul jetiskenlikler – rawajlanıwdın’ o’zbek modeli printsiplerine tiykarlang’an siyasiy, ekonomikalıq h’a’m sotsiallıq reformalardı na’tiyjesi h’a’mde turaqlı rawajlanıw ekonomikasına tiykarlang’an, ashıq demokratiyalıq h’uqıqıy ma’mleket qurıw, insan, onın’ ma’pleri, h’uqıq h’a’m erkinlikleri so’z ju’zinde emes, al is ju’zinde joqarı qa’diriyat da’rejesine ko’terilgen, du’nya ju’zi ko’leminde abıray-ma’rtebege erisken ja’miyetti qurıw boyınsha biz o’z aldımızg’a qoyg’an joqarı maqsetke qaratılg’an uzaq h’a’m qıyın joldın’ bir bo’limi ekenligide h’a’mmege ma’lim.

Prezidentimiz İ. A. Ka’rimov o’zinin’ «Ma’mleketimizde demokratiyalıq reformalardı ja’ne de teren’lestiriw ha’m puharalıq ja’miyetti rawajlandırıw kontseptsiyası»nda «Jer ju’zlik masshtabta globallasıw h’a’m ba’sekilesiw barg’an sayın ku’sheyip baratırg’an bu’gingi zamanda biz du’nyada ju’z berip atırg’an tu’pkilikli o’zgerisler barısında iyelep turg’an ornımızdı real h’a’m sın ko’zqarastan bah’alawımız, barg’an sayın o’sip baratırg’an turmıs talaplarına juwap beriwimiz, da’wir menen ten’ qa’dem taslawımız sha’rt»[1] dep ko’rsetken edi.

Solay eken, bu’gin O’zbekstan Respublikası Prezidenti İ. A. Karimov ta’repinen ilgeri su’rilgen, elimizdi reformalastırıw h’a’m modernizatsiyalawdın’ strategiyalıq bag’darlamanı ulıwma xalıqlıq qollap-quwatlaw, bizin’ ko’p milletli xalqımızdın’ erisiwi lazım bolg’an ullı maqseti - G’a’rezsiz O’zbekstan Respublikasında keleshegi ullı bolg’an a’dil demokratiyalıq ma’mleket, gu’llengen puxaralıq ja’miyet qurıwg’a belsene qatnasıwdı elede ku’sheytiw ku’n ta’rtibinin’ aktual ma’selelerinen bolıp esaplanadı.

---

[1] Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды жәнe де тереңлестириў ҳәм пуҳаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы. Президент Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги баяныты. «Еркин Қарақалпақстан» 2010-жыл 14-ноябрь, Нөкис қаласы

Prezidentimiz İ. A. Karimov «Bizin' milliy ideyamız bolsa jurt tınıshlıg'ı, Watan keleshegi, xalıq abadanshılıg'ı qusag'an ullı tu'siniklerdi o'z ishine alıwı, oylayman sizlerge jaqsı ayan. Ha'mmemizdin' maqsetimiz usı muqaddes ana jurtımızdın' tınıshlıg'ı h'a'm rawajlanıwın ta'miyinlew eken, ha'r birimiz o'z wazıypamızdı shın kewilden bejeriwimiz kerek» degen edi.[2]

Milliy g'a'rezsizlik ideyası ja'miyetimiz rawajlanıwının' ideologiyalıq printsiplerin sa'wlelendiredi. Usı ma'niste, bul ideya ma'mleketimiz g'a'rezsizligin bekkemlew, jurtımızda azat h'a'm abat Watan, erkin h'a'm pa'rawan turmıs qurıwg'a xızmet etetug'ın ideologiya h'aqqında bir pu'tin h'a'm izshil ta'liymat esaplanadı. Bu'gingi ku'nde milliy g'a'rezsizlik ideyasın qa'liplestiriwde, onın' baslı ideyaları bolg'an jurt tınıshlıg'ı, azat h'a'm abat Watan, abadan turmısqa erisiwde siyasiy partiyalardın' roli ha'm ornı u'lken a'hmiyetke iye.

Ja'miyetimizdin' sotsiallıq-siyasiy turmısında siyasiy partiyalardın' ornı h'a'm roli milliy g'a'rezsizlik ideologiyasın qa'liplestiriwde, olardın' ideologiyalarının' milliy g'a'rezsizlik ideyamız mazmunındag'ı qa'diriyatlar menen uyg'ınlasıwı, olardı sa'wlelendiriwi, bulardın' barlıg'ı, jamiyetimizdi elede demokratiyalastırıw h'a'm modernizatsiyalastırıwda partiyalardın' ayrıqsha girewli ornına iye ekenligin an'latadı. Siyasiy partiyalar - ja'miyetimizdin' siyasiy sistemasının' aktiv elementi sıpatında, gruppalıq ma'plerdin' ulıwma milliy ma'pler menen uyg'ınlasıwın ta'miyinlewshi siyasiy institutlardan biri. Olar o'zlerinin' siyasiy maqsetlerine erisiwde nızamlı jol menen h'a'kimiyattın' mexanizmlerin iyelegen halda, partiyalıq ideologiyasında o'z sa'wlesin tapqan milliy g'a'rezsizlik ideyamız aldındag'ı ullı maqsetlerge erisiwdi ta'miyinlewshi birden – bir siyasiy sho'lkemlesken ku'shlerden.

Solay eken, bizin' ja'miyetimizdi rawajlanıwdın' jan'a da'rejesine jetkeretug'ın mexanizmlerdin' biri sıpatında bolg'an milliy g'a'rezsizlik ideyasının' maqsetlerin ju'zege shıg'arıwdag'ı siyasiy partiyalardın' ornı h'a'm rolin u'yreniw maqsetke muwapıq boladı.

---

[2] Каримов И.А. «Парламент – жамият ҳаётининг кўзгиси». Тошкент, «Ўзбекистон», 2005.

**Temanın' u'yrenilgenlik da'rejesi.** Siyasiy partiyalardın' ta'biyatı, roli, olardın' ja'miyettegi roli h'a'zirgi zaman politologiyası h'a'm siyasat sotsiologiyasının' partologiyalıq bag'darındag'ı siyasiy partiyalar teoriyasının' klassikleri V. Pareto, G. Moski, M.Ya. Ostrogorskiy, R. Mixels, M. Veber, M.Dyuverjenin' miyraslarında teren' tiykarlang'an. Bu'gingi ku'nde ja'miyetimizde bolıp atırg'an qubılıslardan biri bolg'an milliy g'a'rezsizlik ideyasın qa'liplestiriw, sonday aq siyasiy partiyalardın' rolin h'a'm ornın izertlewshilerden Sh.Turaev[3], X. Tadjiev[4], B. Turaev, J. Ramatovlar[5], A. Abdinabiev h'a'm G. Usmanovlar[6], N. İbragimov[7], D. Pulatova[8], A. Gorenkova[9], U. Jalmenovlardın'[10] jumısların atap ko'rsetiw orınlı boladı.

**Pitkeriw qa'nigelik jumısının' maqset h'a'm wazıypaları.** Pitkeriw qa'nigelik jumısınan go'zlengen maqset – G'a'rezsiz O'zbekstandı rawajlanıwdın' jan'a da'rejesine jetkeretug'ın mexanizmlerdin' biri sıpatında bolg'an milliy

---

3 Тўраев Ш. Демократик жараёнлар ва миллий ғоя. Тошкент. 2008

4 Таджиев Х. Теоретические и методологические вопросы национальной идеологии. Т., 1999.

5 Тўраев Б., Раматов Ж. Миллий истиқло ғояси: асосий хусусиятлари, фалсафий ва тарихий илдизлари.Т., 2002.

6 Абдунабиев А.Г., Усманов Г.Н. Идея национальной независимости и воспитание молодежи. Т., 2002.

7 Ибрагимов Н. Идеология независимости Узбекистана: проблемы формирования и развития. Т., 2000.

8 Пулатова Д.А. Роль национальной идеи и идеологии в укреплении духовных основ независимости Узбекистана. 2001.

9 Горенкова А. Идея национальной независимости и демократическое развитие Узбекистана. В кн.: «Ўзбекистонда демократик ислоҳотларни ривожлантиришнинг долзарб вазифалари». Т.,2005.

10 Жалменов. У.А. «Узбекистан: Миллий истиклол мафкураси янги типдаги ижтимоий технология сифатида». Материалы Республиканской Научно-практической конференции «Научные основы пропаганды идеи национальной независимости». Ташкент, 2002 год; Итоговый научный отчет по госбюджетной теме 1.2.3. «Разработка концепции формирование идеологии национальной независимости» ГНТП ГКНТ Республики Узбекистан. Ташкент 1999 год; Итоговый научный отчет по госбюджетной теме 1.3.10. «Социоинженерное обеспечение формирования идеологии национальной независимости как нового типа социальной технологии» ГНТП ГКНТ Республики Узбекистан. Ташкент 2002 год; Технологический подход в демократическом обновлении и модернизации узбекского общества. Материалы международного круглого стола «Современный опыт общественно-политической модернизации и вопросы обеспечения стабильности» (г.Бухара, 20-21 апреля 2007 года), «Академия», Ташкент 2007; Ижтимоий гуруҳлар ва ишлаб чиқариш самарадорлиги. «Демократик жамият қуришда кучли ижтимоий сиёсат ва адолат» илмий–амалий конференция материаллари (Тошкент, 28-29 октябрь 2008 йил). Низомий номидаги ТДПУ, 2008; Политические партии и вопросы повышения политической активности электората, обеспечения демократических выборов в представительные органы власти. Материалы международного круглого стола «Политические партии и выборы: мировая практика и законодательство Узбекистана» (г.Ташкент, 29-30 сентября 2009 года), «Академия», Ташкент 2009; Узбекистан: модернизация и развитие политической системы. «Академия», Ташкент, 2009 год; Профессиональный парламент Узбекистана: опыт, роль партии и задачи. «Ўзбекистонда парламент институтининг ривожи ва истиқболлари: сиёсий, ҳуқуқий ва ташкилий жиҳатлари» илмий–амалий конференция материаллари (Тошкент, 15 апрель 2010 йил). Тошкент давлат шарқшунослик институти, 2010; 20 летие философии созидания и сотрудничества: внешнеполитические инициативы Узбекистана. Материалы научно-практической конференции КГУ, город Нукус, 2011 год.

g'a'rezsizlik ideyasının' maqsetlerin ju'zege shıg'arıwdag'ı siyasiy partiyalardın' ornı ha'm rolin analizlewden ibarat.

Sonın' menen birge temanın' ulıwma maqsetinen kelip shıqqan halda o'z aldına to'mendegi wazıpalardı belgilep aladı:

– İdeologiyanın' ja'miyetlik turmıstag'ı ornı h'a'm rolin analizlew, milliy ideya h'a'm milliy ideologiyanın' ma'nisin ashıp beriw;

– Ja'miyet turaqlılılıg'ının' kepilligi sıpatında do'retiwshilik ideyalarıın' ma'nisin h'a'm ta'biyatın ashıp beriw;

– O'zbekstandag'ı sotsiallıq-siyasiy h'a'm demokratiyalıq protsesslerde, puxaralıq ja'miyetti rawajlandırıwda siyasiy partiyalardın' iskerliginin' tiykarg'ı bag'darların, ideologiyalıq o'zgesheliklerin, parlamenttegi partiya fraktsiyaları h'a'mde ulıwma parlament institutın, siyasiy partiyalardın' h'uqıqıy tiykarlarının' rawajlanıwı h'a'mde olardın' roli h'a'm statusının', siyasiy iskerligi na'tiyjesinin' ku'sheyiwi tendentsiyaların analizlew.

**Pitkeriw qa'nigelik jumısının' obekti -** O'zbekstannın' puxaralıq ja'miyeti.

**Pitkeriw qa'nigelik jumısının' predmeti** - siyasiy partiyalardın' do'retiwshi ideyalardı a'melge asırıwshı subektler sıpatında sotsiallıq-siyasiy iskerligi.

**Pitkeriw qa'nigelik jumısının' metodologiyası.** O'zbekstan Respublikasının' Prezidenti İ. A. Karimov ta'repinen ja'miyetti jan'alaw h'a'm demokratiyalastırıw ha'mde ma'mleketti modernizatsiyalawdın' ilimiy-teoriyalıq, anıq ja'ne teren' tiykarlang'an kontseptsiyaları, ko'z-qarasları. Sonday aq biliwdin' ilimiy ha'm arnawlı metodları kompleksi: sistemalı-strukturalıq, tariyxıy, salıstırmalı - analizlik metodlarınan paydalanıldı.

**Pitkeriw qa'nigelik jumısının' du'zilisi.** Pitkeriw qa'nigelik jumısı kirisiw, eki bap, to'rt paragraf, juwmaq, paydalanılg'an debiyatlar diziminen ibarat.

# I Bap. BU’GİNGİ DU’NYaNIN’ İDEOLOGİYaLIQ KO’RİNİSİ HA’M İNSAN QA’LBİ UShIN GU’RES

## § 1. Milliy rawajlanıwda ideya ha’m ideologiyanın’ ornı

Ha’r qanday ja’miyettin’ rawajlanıwında ideyalar a’hmiyetli orın tutadı. Sol ma’nide, insaniyat tariyxı, ideyalar tariyxı bolıp tabıladı. Ha’r qanday millet h’a’m xalıq, ha’r qanday sotsiallıq du’zim ha’m ma’mleket belgili bir printsipler ha’m belgili bir qa’diriyatlar tiykarında o’mir su’redi, o’z ma’pleri, maqsetleri, arzıw-niyetlerin go’zlep h’a’reket qıladı. Sonday eken, olar ja’miyettegi belgili bir ideologiyag’a su’yenedi.

İdeya so’zi grek tilindegi Idea so’zinen alıng’an, ideologiya ushın negiz bolıp esaplanadı ha’m tu’sinik yaki pikir ma’nisin an’latadı. İdeologiya «Idea»-ideya, tu’sinik, «Logos»-ta’liymat ataması bolsa ideyalar tuwralı ta’liymattı an’latadı h’a’m eki tu’rli ma’niste isletiledi:

1. İdeyalardın’ ma’nis mazmunı, qa’liplesiwi, a’hmiyeti h’aqqındag’ı bilimlerdi sa’wlelendiredi ha’m ilimiy taraw bolıp esaplanadı.

2. Belgili bir ideyanı a’melge asırıw, maqsetke erisiw usılları, quralları, faktorları sisteması an’latadı.

İdeya adamnın’ ishki du’nyasına kirip barıp, onı ha’reketke keltiriwshi, maqsetke qaray jeteklewshi ruwxıy-aqlıy ku’shke iye, quwatqa aylanadı. İdeya ma’nisi jag’ınan ja’miyetlik xarakterge iye. İdeyalar a’dette jekke shaxs sanasında qa’liplesedi, keyinshelik ja’miyettin’ tu’rli qatlamlarına tarqaladı, tu’rli elatlar ha’m milletler arasına jayıladı..

İdeyanın’ en’ a’h’miyetliligi, maqseti ha’m o’zgesheligi - insandı ha’m ja’miyetti go’zlengen maqsetke qaray jetekleytug’ın, olardı h’a’reketke keltiretug’ın, mobilizatsiyalaytug’ın ku’sh ekenligin de.

Juwmaqlap aytatug’ın bolsaq, ideya - insan oy-pikirinde payda bolatug’ın, ja’miyetlik xarakterge iye bolg’an, insannın’ ruwxına ku’shli ta’sir o’tkizip, ja’miyet ha’m adamlardı ha’reketke keltiretug’ın, olardı maqset tileklerine qaray jetekleytug’ın ullı pikirge aytıladı. Sotsiallıq - siyasiy ideyalar ha’r bir xalıq h’a’m ulıwma insaniyattın’ arzıw-u’mitlerin, maqset-talapların su’wretleydi, erkin turmıs

ha’m a’dil du’zimdi qurıwdı maqset etedi. Azatlıq ha’m g’a’rezsizlik, a’dillik ha’m haqıyqat tınıshlıqpa’rwarlıq ha’m insanpa’rwarlıq ideyaları usılar esabınan bolıp tabıladı. A’sirler dawamında bunday ullı, o’lmes ideyalar xalıqlarg’a ku’sh-quwat ha’m ilham bag’ıshlap, olardı o’z azatlıg’ı ushın gu’reske bag’darlap kelgen.

G’a’rezsizlik ideyası - en’ ullı h’a’m shın ideya. Ha’r bir xalıq g’a’rezsizlik sebepli o’zine jat h’a’m sa’ykes kelmegen du’zimnen, sotsial g’a’rezlilikten azat boladı, o’z potentsialın tolıq iske salıw, o’zi qa’legen, o’zi saylag’an joldan barıw imkaniyatın qolg’a kirgizedi. A’dillik h’a’m haqıyqatlıq ideyaları-insannın’ tabiyatın ha’m sotsial du’zimnin’ uqıplılıg’ın belgileytug’ın qu’diretli ku’shke iye bolg’an ideyalar bolıp tabıladı.

Prezidentimiz İslam Karimov belgilep o’tkenindey, millettin’ rawajlanıwı, onın’ jetilisiwine xızmet qılatug’ın, xalıqlardı biriktirip ullı maqsetlerge shaqıratug’ın ideyalar ullı ideyalar sanaladı. Adamlar arasına kelispewshilik, xalıqlar ortasına suwıqlıq, adamlardı tu’rli ta’replerge ajıratıp dushpanlıqtı qozg’aytug’ın pikirler buzg’ınshı ideyalarg’a mısal boladı. Milliy ideya - millettin’, xalıqtın’ tu’pkilikli ma’plerin sa’wlelendiretug’ın, olardın’ o’z aldına qoyg’an maqsetlerine qaray birlestiretug’ın ha’m jollama beretug’ın ideya bolıp esaplanadı. O’z tariyxı ha’m rawajlanıwının’ tu’p burılıs da’wirlerinde ha’r qanday millet ha’m xalıq keleshegin belgileydi, og’an jetiwdin’ o’zine ta’n jolların tan’laydı.[11]

O’z aldına qoyg’an maqseti, qanday ja’miyet qurmaqshı ekeni, bug’an qanday jollar h’a’m qurallar menen erispekshi bolg’anlıg’ı h’aqqındag’ı ideyalar siteması - ha’r bir millet, xalıq ha’m ja’miyettin’ milliy ideologiyasının’ tiykarın payda etedi.

İdeologiya - belgili bir gruppa yamasa qatlamnın’, millet yaki ma’mlekettin’ talap, maqset ha’m umtılıwların, siyasiy ruwxıy printsiplerin o’zinde sa’wlelendirgen ideyalar, olardı a’melge asırıw usıl h’a’m qurallar sisteması bolıp tabıladı. Ha’r qıylı siyasiy gruppalar, ja’miyettegi ha’r qıylı qatlamlardın’ ideologiyası tu’rlishe bolıwı ta’biyiy. Bunın’ tiykarında ma’plerdin’ ha’r qıylılıg’ı, olardın’ imkaniyatları ha’m usıllarının’ tu’rliligi jatadı.

---

[11] И. А. Каримов. «Миллий истиқлол мафкураси – халқ эътиқоди ва буюк келажакка ишончдир». «Фидокор» газетаси саволларига жавоблар. Тошкент, «Ўзбекистон» нашриёти, 2000 йил.

Siyasiy birge islesiwge tiykarlang'an, erkin demokratiyalıq ja'miyet qurıwdı go'zlegen ma'mleketlerde milliy ideologiya xalıqtın' barlıq qatlamların birlestiriwge, ulıwma ma'p h'a'm maqset jolında birlesiwge shaqıradı.

İnsaniyat tariyxı dawamında tu'rli ko'rinistegi ju'da' ko'plep ideologiyalar jaratılg'an, sansız siyasiy ku'shler o'z ideyaları h'a'm ta'liymatları menen maydang'a shıqqan, maqsetlerine, niyetlerine jetiw ushın ha'reket. İdeologiyanın' mazmunı tek g'ana onın' tiykarg'ı ideyaları quramında emes, sol ideyalarg'a erisiw usılları h'a'm qualları, ulıwma printsipleri, olardın' ko'pshiliktin' ma'plerine sa'ykesligi arqalı da ko'rinedi. O'zinin' qorqınıshlı qa'lewlerin ha'm jawız niyetlerin basqa xalıqlar esabınan a'melge asırıwdı go'zlep ha'reket etiwshi ideologiyalar bolsa kriziske ushıraydı.

İnsaniyat tariyxı tu'rli ideyalardın' jaqsılıq ha'm jawızlıq, azatlıq h'a'm buzg'ınshılıqqa xızmet qılg'an ideologiyalar ko'rinisinde payda bolg'anınan derek beredi.

O'tken da'wirlerde bazı bir ideologiyalar, millet ideologiyaları ha'm ma'mleket ideologiyası da'rejesine ko'terilgen. Da'wirler o'tiwi menen olardın' ayırımları o'z abıroyın jog'altqan, biraq millettin' ruwxıylıg'ının' quramı sıpatında saqlanıp qalg'an. Xalıq olardan ku'sh-quwat alg'an, ruwxıy azıqlang'an, olar arqalı o'z qa'diryatların saqlag'an.

İnsaniyat tariyxında o'z talapların basqa xalıqlar esabınan qanaatlandırıw, tilegi talawshılıq ha'm basqınshılıq, ullı ma'mleketlik ha'm qa'wip tuwdırıwshı milletshilik, fashizm ha'm ekstremizm ideyaların ju'zege keltirgen. Bunday ideyalar xalıqlar basına ko'p apatlar h'a'm qırg'ınlar salg'an.

İdeya ha'm ideologiya insanpa'rwarlıq ha'm rawajlanıw printsiplerin, xalıq ta'g'dirindegi gu'llep-jasnawı za'ru'rligin, ulıwmainsanıy qa'diryatlardı o'zinde sa'wlelendirse, fashizm mısalında kerisinshe, ol ja'miyettin' qıyrawına sebepker bolatug'ınlıg'ın ayqın ko'remiz.

O'z tariyxın tiykarınan XIX a'sirde baslag'an mine usınday ideologiyalardan biri - bul klasslıq antogonizm bolıp, ol ideyalardı absolyutlestirgen h'a'm hakimiyattı qural ku'shi menen iyelep alg'an burıng'ı kommunistlik du'zimnin'

ideologiyası edi. Zorlıq negizinde qurılg'an ha'm qarsılıqlı du'zimge tiykar bolg'an bul ideologiya du'nyanın' altıdan bir bo'legin iyelegen u'lken salatanatta h'a'm sotsialistlik lager territoriyasında jetpis jıl hu'kim su'rdi. Aqır-aqıbetinde o'zinin' insanıylıqqa jat ha'm ma'nisi, totalitarlıq ta'biyatı sebepli qıyradı.

Jawız ideya ha'm og'an negizlengen ideologiyalardın' en' ko'p tarqalg'an formalarınan biri diniy qag'ıydaparazlıq - «dogmatizm» bolıp esaplanadı. Bunday ideyalar belgili bir da'wir de Batısta da, Shıg'ısta da hu'kimranlıq qılg'an adamlarg'a ko'pten-ko'p apatshılıq keltirgen. Usıg'an qaramastan, bul sotsiallıq illet adamzat XXI a'sirge qa'dem qoyıp atırg'an h'a'zirgi du'nyadag'ı tınıshlıq ha'm rawajlanıwg'a qa'wip salmaqta, belgili bir territoriyalardı iyelep almaqta. O'kinishlisi, bul ideyalarg'a eretug'ınlar ha'zirde bar. Olar bunday ideyalarg'a tiykarlanıp tınısh otırg'an xalıqqa qarsı terrorshılıq, zorlıq-zombılıq usag'an jınayatlardı a'melge asıradı, o'z niyetlerin jawız ha'reketler arqalı ju'zege shıg'aradı.

İdeya ha'm ideologiyanın' insan h'a'm ja'miyet turmısındag'ı a'hmiyeti, onın' insan o'mirindegi ornı ha'm a'hmiyeti og'ada aktual ma'sele.

Milliy g'a'rezsizlik ideyası ja'miyetimiz rawajlanıwının' ideologiyalıq printsiplerin sa'wlelendiredi. Usı ma'niste, bul ideya ma'mleketimiz g'a'rezsizligin bekkemlew, jurtımızda azat ha'm abat Watan, erkin ha'm pa'rawan turmıs qurıwg'a xızmet etetug'ın ideologiya h'aqqında bir pu'tin ha'm izshil ta'liymat esaplanadı. Bul ta'liymat o'z tu'sinik ha'm printsiplerine, tariyxıy negizleri, ilimiy, filosofiyalıq, du'nyalıq ha'm diniy tamırlarg'a iye belgili bir tariyxıy za'ru'rlik birligi bolg'an teoriya sanaladı. Ol teoriya sıpatında ja'miyetlik turmıstın' ko'rinisi ta'rizinde ju'zege shıg'adı, o'zine ta'n qa'liplesiw nızamları h'a'm o'zgesheliklerine iye bolg'an ulıwma milliy h'a'diyse esaplanadı.

Ha'r bir xalıqtın' tariyxı sol xalıqtan jetilisip shıqqan ullı adamlar, ma'rt qaharmanlar h'a'm pidayı insanlar tariyxı tiykarlarında jazıladı. Tariyx ta'jiriybesi du'nyada eki ku'sh - jaratıwshılıq ha'm buzg'ınshılıq ideyası udayı o'z-ara gu'resetug'ının ko'rsetedi,. Jaratıwshı ideya insandı ullılaydı, onın' ruwxına qanat bag'ıshlaydı. Saqıpqıran Amir Temurdın' ıdırag'an jurttı birlestiriw, oraylasqan

ma'mleketti du'ziw, ma'mleketti abat etiw jolındag'ı islerine, mine, usınday jaratıwshı ideyalar tiykar bolg'an.[12]

Milliy ideya ha'm ideologiya gumanizm talapların, xalıqtın' erkin ha'm umtılıwların sa'wlelendirgen h'alda ja'miyetti birlestirip, onın' uqıbın ha'm mu'mkinshiliklerin tolıq ju'zege shıg'arıwda og'ada a'h'miyetli faktor boladı. İdeyalıq ha'lsizlik ha'm ideologiyalıq turaqsızlıq bolsa, milettin' birligine, ma'mlekettin' qu'diretine zıyanın tiygizedi, onın' rawajlanıwın keri tartadı. Adamzat tariyxı ha'r tu'rli ideya h'a'm ideologiyalardın' payda bolıwı, ha'reket etiwi, bir-biri menen munasabetinen ibarat u'zliksiz protsess boladı. Bul protsesste tu'rli ideyalar ol yamasa bul ku'shlerge xızmet qılıwı, o'zine isengen adamlardı qanday maqsetlerge qaray jetelewine qarap bir-birinen parıqlanadı. A'diwli maqsetlerge xızmet qılıwg'a do'retiwshi ideyalar, ideologiyalar tiykar bolsa, buzg'ınshı ideyalarg'a tayang'an ideologiyalar xalıqlar ha'm ma'mleketlerdi qıyrawg'a qaray jetekleydi, adam ushın san-sanaqsız azap-aqıbetler keltiredi. Bul bolsa, o'z gezeginde ideyalıq protsessler tariyxın u'yreniw, olardın' negizindegi mazmun-ma'nisti bilip alıwdı za'ru'rlikke aylandıradı.

Prezidentimiz İ.Karimov ideologiyag'a to'mendegishe ta'riyp bergen «Adamlardın' mın' jıllar dawamında qa'liplesken du'nyag'a ko'z - qarası ha'm mentalitetine tiykarlang'an, xalıqtın', millettin' keleshegin go'zlegen h'a'm onın' du'nyadag'ı ornın anıq-aydın belgilep beriwge xızmet qılatug'ın, keleshegi ha'm erten'gi ku'n ortasında o'zine ta'n baylanısqa iye ideyanı men ja'miyet ideologiyası dep bilemen. Sonday eken, ideologiya h'a'r qanday xalıqtı-xalıq, milletti millet qılatug'ın, onın' jolın jarıq etetug'ın mayak bolıp tabıladı.[13]

O'zbekstan xalqının' miliy g'a'rezsizlik ideologiyası tiykarınan ja'miyetti birlestiriwge, ullı keleshek jolında erkin h'a'reket qılıwg'a, qurılıp atırg'an erkin puxaralıq ja'miyette ha'r bir watanlaslarımızdın' o'zine ta'n ornı bolıwına erisiwge bag'darlanadı.

[12] Миллий истиқлол ғояси: асосий тушунча ва тамойиллар. Тошкент, «Ўзбекистон», 2001 йил.
[13] И. А. Каримов. «Миллий истиқлол мафкураси – халқ эътиқоди ва буюк келажакка ишончдир». «Фидокор» газетаси саволларига жавоблар. Тошкент, «Ўзбекистон» нашриёти, 2000 йил.

Milliy g’a’rezsizlik ideyası jurtımızda jasaytug’ın ha’r bir millet, sotsiallıq topar, din, partiya ha’m qatlam wa’kili ushın ulıwmalıq o’lshem esaplanadı. Usı ma’niste ol 130 dan artıq millet wa’killerinen ibarat O’zbekstan xalqının’ g’a’rezsizilikti bekkemlew jolınan baratırg’an ja’miyetimizdin’ ulıwmalıq ideyası sanaladı. «Du’nya ja’miyetshiliginin’ g’a’rezsiz ag’zası h’a’m quram bo’legi bolg’an O’zbekstandı, milliy ma’mleketlik traditsiyalarımızdı abaylap-asıraw, ma’mleketimiz shegeraları pu’tinligi ha’m qa’wipsizligin ta’miyinlew ha’mde puxaralarımızda jat ha’m o’zge ideyalarg’a qarsı ideologiyalıq immunitetti qa’liplestiriw, olardı erkin puxaralıq ja’miyetti qurıw jolında birlestiriw, Watannın’ gu’llep-jasnawı, jurt tınıshlıg’ı ha’m xalıq pa’rawanlıg’ı isine mobilizatsiya etiw - bul ideyanın’ tiykarg’ı maqseti ha’m wazıypası esaplanadı».[14]

Milliy g’a’rezsizlik ideologiyası O’zbekstannın’ rawajlanıwı ushın xızmet etedi, milletinen, tilinen ha’m dininen g’a’rezsiz da’rejede barlıq xalqımızdın’ ma’pin bayanlaydı. Milliy ideologiya o’zinde xalıq h’a’m ja’miyetti birlestiretug’ın, isenimnin’, ku’shtin’ deregi bolatug’ın, o’zinde gumanistlik turmıs ideallarının bayanlag’an halda adamlardın’ sanasına jaqsı ta’sir ko’rsetetug’ın oy-pikir ha’m sezimlerdi sa’wlelendiriwi, aldın’g’ı ideyalardı o’zine sin’diriwi, buzg’ınsha ko’z - qaraslardı jolatpay du’nyadag’ı o’zgerislerdi esapqa ala otırıp zamanogo’y ideologiyalıq usıllar menen qurallanıwı tiyis.[15]

Buzg’ınshı ideyalardan g’a’rezsiz bolg’an ko’z-qaras ha’m turaqlı ja’miyetlik sananı qa’liplestiriw, do’retiwshi pikir ju’retetug’ın insandı ta’rbiyalaw, progress ha’m erkinlik ideallarına adamlardın’ isenimin bekkemlew, yag’nıy milliy g’a’rezsizlik ideologiyası sheshiwi kerek bolg’an tiykarg’ı problemalar, bulardın’ ha’mmesi ag’artıwshılıq h’a’m ta’rbiya menen tıg’ız baylanısqan. En’ baslı wazıypalardan biri - bul ha’r bir adamg’a ha’m ken’ ja’miyetshilikke O’zbekstannın’ strategiyalıq rawajlanıwının’ ma’nisin, milliy g’a’rezsizlik ideologiyasının’ maqsetin, wazıypaların, printsiplerin, mazmunın tu’sindiriw bolıp tabıladı. Adamlardı milliy g’a’rezsizlik ideologiyası ruwxında ta’rbiyalaw

[14] И. А. Каримов. «Миллий истиқлол мафкураси – халқ эътиқоди ва буюк келажакка ишончдир». «Фидокор» газетаси саволларига жавоблар. Тошкент, «Ўзбекистон» нашриёти, 2000 йил.
[15] Миллий истиқлол ғоясини халқимиз онгига сингдириш омиллари ва воситалари. Тошкент, 2002, «Ижод дуньяси» нашриёт уйи.

ja'miyetlik turmıstın' barlıq tarawlarının' rawajlanıw o'zgesheliklerin esapqa alıwdı, ta'limnin' na'tiyjeli usıl ha'm qurallarınan maqsetke muwapıq paydalanıwdı talap etedi.

Bu'gin, O'zbekstan Respublikası Prezidenti İ. A. Karimov ta'repinen ilgeri su'rilgen, elimizdi reformalastırıw ha'm modernizatsiyalawdın' strategiyalıq bag'darlamasın ulıwma xalıqlıq qollap-quwatlaw, bizin' ko'p milletli xalqımzdın' erisiwi lazım bolg'an ullı maqseti - G'a'rezsiz O'zbekstan Respublikasında keleshegi ullı bolg'an a'dil demokratiyalıq ma'mleket, gu'llengen puxaralıq ja'miyet qurıwg'a belsene qatnasıwı za'ru'r boladı.

«Bizin' milliy ideyamız bolsa jurt tınıshlıg'ı, Watan keleshegi, xalıq abadanshılıg'ı...... Ha'mmemizdin' maqsetimiz usı muqaddes ana jurtımızdın' tınıshlıg'ı ha'm rawajlanıwın ta'miyinlew eken, ha'r birimiz o'z wazıypamızdı shın kewilden bejeriwimiz kerek» deydi Prezidentimiz İ.A. Karimov.[16]

## §2. G'alabalasıw sharayatlarındag'ı ideologiyalıq protsessler ha'm ideologiyalıq immunitetti ku'sheytiw wazıypaları

Ha'zirgi da'wirde du'nyada ideyalıq qarama-qarsılıqlar quramalı ko'riniste bolıp, ideologiyalıq poligonlar yadrolıq poligonlardan da ku'shlirek rawajlanıp baratırg'an da'wir.

Adamzat XX a'sirdin' son'ına kelip birtalay shegara bilmeytug'ın problemalarg'a dus keldi. Urıs h'a'm tınıshlıq, ekologiyalıq jag'daylar, ruwxıy jetispewshilik, narkobiznes, terrorizm sıyaqlı problemalar solarg'a kiredi. Sonın' menen birge du'nyada globallasıw, g'alaba xabar qurallarının' tez pa't penen rawajlanıwı ha'm intensivlesiwi, universal texnologiyalar menen baylanıslı ulıwma adamzatlıq protsesslerde birge keshpekte. Pu'tkil jer ju'zi adamzat ushın birden-bir jasaw ornı ekenligi anıq. Bug'an a'lbette h'esh qanday gu'man joq. Biraq tariyxta bar bolg'an shegaralardı o'zgertiw, ma'lim territoriyalardı basıp alıw ushın esapsız urıslar bolg'anı ma'lim. Bul protsesste urıs qurallarının' a'ste aqırınlıq penen

[16] Каримов И.А. Ўзбекистон демократик тараққиётнинг янги босқичида. Тошкент, «Ўзбекистон», 2005. с 19-20.

quramalasıp barg’anlıg’ın bilemiz. Bul urıslar XX a’sirge kelip a’sirese bir ma’mlekette, eki ma’mleket ortasında yamasa bir territoriya ishinde bolıwı mu’mkin edi. XX a’sirde bolıp o’tken eki du’nya ju’zlik urısta onlag’an ma’mleket, birneshe kontinent ma’mleketleri qatnasqanlıg’ın eslesek, onday juwmaq shıg’arıw belgili da’redjede orınlı ekenligine iseniwimiz mu’mkin. Urıs qurallarıda rawajlanıp barmaqta. Bu’gingi ku’nde olar pu’tin jer ju’zindegi tirishilikti bir neshe ret joq qılıp jiberiwge jetedi.

Conın’ menen birge, ha’zirgi waqıtta ideologiyalıq qurallar arqalı o’z ta’sir ko’lemin ken’eyttiriwge ha’reket etip atırg’an siyasiy ku’shler ha’mde ha’reketlerdin’ ko’beyiwi de bu’gingi ku’nnin’ haqıyqatlıg’ı. Basqınshı milletshilik ha’m shovinizm, neofashizm ha’m kommunizm, rasizm ha’m diniy estremizm ideologiyaları solarg’a mısal boladı.

Na’tiyjede, du’nyada adam sanasın ha’m ishki du’nyasın iyelew ushın gu’res ku’sheyip barmaqta. Bul jag’day bu’gingi ku’nde du’nyanın’ ideologiyalıq ko’rinisin belgilep bermekte.

Adamzat ja’miyeti tariyxı adamda ullı paziyletlerdin’ qa’liplesiwi h’a’m rawajlanıwına da, sonın’ menen birge insanıylıqqa qarsı bolg’an ha’r qıylı ideologiyalıq ko’rinisler tamır jayıp, o’zinin’ jaman ta’repin sa’wlelendiriwine de gu’wa bolg’an. İdeologiya adamzattın’ pu’tkil tariyxında og’an joldas bolıp keldi.

Bu’gin du’nyanın’ ideologiyalıq ko’rinisin o’z maqsetleri jolında o’zgertpekshi bolg’an ideologiyalıq formalar turaqlılıq ha’m rawajlanıwg’a qa’wip tuwdırmaqta. Olardın’ tiykarg’ı formaları h’a’m bag’darları Prezidentimiz İslam Karimovtın’ «O’zbekstan XXI a’sir bosag’asında: qa’wipsizlikke qa’wip, turaqlılıq sha’rtleri h’a’m rawajlanıw kepillikleri» atlı shıg’armasında ko’rsetip berilgen.

Rawajlanıwg’a qa’wip qa’terlerden biri – bul ullı ma’mleketlik shovinizm. Ullı ma’mleketlik shovinizmdi - Prezident İ.A.Karimov - «Ma’lim ku’shler ha’m ma’mleketler ta’repinen bolatug’ın siyasiy, ideologiyalıq ha’m ekonomikalıq basqarıw dep yamasa milletler aralıq ha’m ma’mleketler aralıq, regionallıq qatnasıqlarda og’an bolg’an umtılıw. Shovinizm ayırım ko’p sanlı milletlerdin’ tek g’ana ko’p milletli imperiya ishinde emes, al onı orap turg’an geografiyalıq-siyasiy

jasaw ornındada o’zinin’ pu’tkil basqarıwshılıg’ın ornatıw ushın gu’reste sa’wlelenedi» dep ta’ripleydi.[17]

Ullı ma’mleketlik shovinizm globallıq xarakterge iye bolg’an halda, milliy ten’sizlikti aqlaw, ja’riyalaw ha’mde qorg’awdın’ o’zine ta’n forması bolıp esaplanadı. Tariyxqa na’zer taslasaq, bu’gingi ku’nde ullı ma’mleketler atına iye bolg’an ayırım ma’mleketler ko’plegen aymaqlardı o’zlerinin’ «turmıs ma’pleri» territoriyası sıpatında basıp alıp, uzaq waqıt koloniallıq siyasattı ju’rgizgenine isenim h’asıl qılıwımız mu’mkin. Usı basıp alıng’an territoriyalardın’ ta’biiy shiyki zat resurslarınan paydalanıw, bul ma’mleketlerdin’ materiallıq ham ruxiy lıqların o’zlestiriw olarg’a u’lken ha’m qu’diretli ma’mleketke aylanıwına imkaniyat jarattı. Bunın’ aqıbeti, o’z a’tirapındag’ı ma’mleketler ha’m xalıqlar menen qatnasıqta o’zin u’stem dep biliw, adamzat ta’g’diri, xalıq keleshegin belgilewde talabanlıq belgisi sıpatında bah’alanıwı mu’mkin bolg’an ideologiya tariyxta ju’zege shıqtı. Bunday ideologiya ma’mleket siyasatının’ tiykarına aylang’anda uzaq dawam etken qanlı urıslar kelip shıg’ıwı, ko’plegen xalıqlardın’ boysındırılıwın da’liylewshi mısallardı ko’p keltiriw mu’mkin.

Ekonomikalıq imkaniyatları ha’lsizlengen, sotsiallıq birlik ıdırag’an, ishki qarama-qarsılıqlar ku’sheygen, watan, millet ta’g’dirinen o’zinin’ tar ma’plerin u’stem qoyatug’ın, o’z-ara kelise almaytug’ın, ha’kimiyatqa talaban siyasiy gruppalardın’ ma’mlekettin’ ishki problemaların sırtqı ku’shler ja’rdeminde sheshiwge urınıwı ha’mde ruwxıy ıdıraw, keleshekke degen isenimsizlik sezimlerin basshılıqqa alg’an ma’mleketler ullı ma’mleketlik shovinizmnin’ qurbanına aylanıwın zamango’y tariyxtada ko’rsek boladı.

Tilekke qarsı, bizin’ u’lkemizde ullı ma’mleketlik shovinizmnin’ zıyanlı ta’sirinen shette qalmadı. «Ol da uzaq waqıt dawamında basshılıq etiwshi shovinistik h’a’m agressiv milletshilik ideyalarının’ pu’tkil qıyınshılıqların tartıp keldi, - dep jazadı İ.A.Karimov - O’zbekstan Rossiya imperiyası, son’ınan bolsa

[17] И. А. Каримов. «Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари». Тошкент, «Ўзбекистон» нашриёти, 1997 йил.

sovet imperiyası sostavında ma'jbu'riy tu'rde uslap turılg'an qıyın da'wirdi basınan keshirdi».[18]

Ullı ma'mleketlik shovinizmnin' qa'wpi bunday pozitsiyada turg'an ku'shler, ma'mleketlerdin' ekonmikalıq, siyasiy yamasa a'skeriy ku'sh qu'diretinin' u'lkenliginde emes, al g'alaba qural arqalı h'a'm ideologiyalıq jol menen zulım ko'rsetiwinin' ken'liginde, olardın' qolındag'ı ideyalıq ta'sir o'tkiziwshi qural h'a'm mexanizmlerinin' ha'r qıylılıg'ında. Ullı ma'mleketlik shovinizm bu'gingi ku'nde pansovetizm menen o'zine ta'n tu'rde qosılıp ketip atır. Pansovetizm tu'sinigi uzaq waqıt dawamında bir awqam aymag'ında jasaw na'tiyjesinde sotsial-ma'deniy turmısta payda bolg'an ma'lim jaqınlıq, uqsaslıq, ulıwmalıq, ekonomikalıq baylanıslıqqa tiykarlang'an. Biraq Prezidentimiz aytqanınday sonday ko'z-qaraslar menen ha'm a'piwayı adamlardın' bas ko'zin aylandırıp o'z o'mirin jasap bolg'an ideyaların turmısımızg'a sug'ıstırıwg'a, usı jol menen ja'ne burıng'ı du'zimdi tiklewge, bir so'z benen aytqanda milliy o'zligimidi jog'altıwg'a qaratılg'an umtılıw jatqanlıg'ın esten shıg'armawımız sha'rt.

Bunda olar g'alabalıq xabar quralları arqalı psixologiyalıq ta'sir jasawdın' jan'adan jan'a usılarınan paydalanadı.

A'sirese, milliy turmısımızg'a ta'n ma'lim qa'siyetlerdi ashıqtan ashıq qaralaw, jerge urıw yamasa ayırım tariyxıy waqıya-h'a'diyselerdi ulıwma bolmag'anday, du'nya ma'deniyatı, ilim-pa'nge u'lken u'les qosqan ullı danıshpanlarımızdın' bizge qatnası joqtay etip ko'rsetiwge umtılıwlar bar.

Sonday-aq region ma'mleketlerinin' arasında qarama-qarsılıqlar keltirip shıg'arıw ha'm du'nya masshtabında O'zbekstan h'aqqında nadurıs tu'sinik tuwdırıwg'a bolıp atırg'an umıtılıwlardı itibardan shette qaldırmaw sha'rt.

Bu'gingi ku'nde adam sanası ha'm qa'lbi ushın gu'res keskin tu's alıp atırg'an eken, ha'r qıylı ko'z-qarasalardın' ideologiyalıq maydanda basshılıq etiwge umtılıwı ta'biyg'ıy, a'lbette. Bunda ulıwma sıyınıwg'a tiykarlang'an jeke ideologiya basqarıwshılıg'ın ta'miyinlew arqalı du'nya maydanların ideologiyalıq jaqtan o'zine boysındırıwg'a bolıp atırg'an h'a'reketlerdi mısal etip keltiriw

[18] И. А. Каримов. «Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари». Тошкент, «Ўзбекистон» нашриёти, 1997 йил.

mu'mkin. Diniy sıyınıwshılıq, solar qatarında ma'selen, islam dinindegi ha'zirgi dinge beriliwshi sotsiallıq, milliy qa'siyetti, qaysı ma'mleketke ta'nligine qaramastan barlıq musılmanlardın' ruwxıy birligi h'aqqındag'ı oylarg'a tiykarlanıp, olardın' jeke xalifatlıq astında siyasiy birlesiw ideyasın tiykarlawg'a h'a'reket qıladı. Ko'rinip turg'anınday, bul diniy siyasiy ideologiya diniy tiykarda birlesiw ideyasın birinshi orıng'a qoyadı. Ol diniy ruwxıy a'lemdegi sa'ykeslik ma'mleketlerdin' sotsiallıq, ma'deniy-ag'artıw, ilim, texnika tarawındag'ı birge islesiwine, olardın' jetiskenliginin' birlesiwine ha'm xalıqtın' rawajlanıwna jol ashsa bunın' nesi jaman degen sorawdı ortag'a taslaydı. Ju'zeki qarag'anda bul ga'p durısqa usaydı. Bunday ideologiya ta'repdarları o'z ko'z-qarasların ko'p jag'dayda a'ne sonday «biyazar» formada beriwge ha'reket qıladı.

Biraq, dıqqat penen itibar beretug'ın bolsa, birinshiden, olar milliy suverenittetden waz keshiw yamasa onı qoldan beriw esabına jeke ma'mleket du'ziwdi go'zlep atırg'anları ma'lim boladı.

Ekinishiden, xalifatlıqtı tiklewge, onın' tuwrı ekenligin tiykarlawg'a urınatug'ınlar, bul awh'al da'l millet sıpatında o'zligimizdi an'lawg'a jol qoymaslıg'ın jasıradı. Bul ideyanı engiziwde olar bizlerdin' islam dinine sıyınıwımızg'a dıqqat awdaradı.

Tuwrı biz musılman xalqımız. Ma'selenin' na'zik ta'repi sonnan ibarat, bunday ku'shler a'ne sol reallıqtı ta'n ala otırıp, biraq o'z tariyxımız, tilimiz, biyta'krar ma'deniyatımız, du'nya xalıqları ortasındag'ı o'zine ta'n ornımız, o'z rawajlanıw jolımız bar ekenligin biykarlawg'a ha'reket etedi. A'lbette bul haqıyqatlıqtı ta'n alıw, almaslıq olardın' isi. Biraq o'zlerinin' bunday ilimge qarsı ko'z-qarasların adamlarımız, a'sirese jaslarımız sanasına sin'diriwge ha'reket etip atırg'anlarg'a biyparwa qarap bolmaydı.

Sonday-aq, bul ag'ım ta'repdarları xalifatlıq bayrag'ı astında birlesiwdi islam emes du'nyag'a qarsı turıw maqseti menen baylanıstırıwın ha'm atap o'tiw za'ru'r. Bunday jaqınlasıw ju'da' qa'wipli ekenligi heshkimge sır emes. Al ol bolsa adamzattın' diniy tiykarda qarama - qarsı polyuslerge bo'linip ketiwine, bazıda

«tsivilizatsiyalar soqlıg'ısıwı» dep atalatug'ın qubılıstın' ju'zege keliwine sebep bolıwı mu'mkin.

Ha'zirgi ku'nde til, ma'deniyat, u'rp-a'detlerdegi ulıwmalıq, basqasha aytqanda, etnik birlikke tiykarlang'an jag'dayda jeke ideologiyalıq maydandı ju'zege keltiriw barısındag'ı talpınıwlar ha'm bar. Bunday ko'z-qaraslardın' qa'liplesiw tariyxı uzaq o'tmishke barıp taqaladı. Bu'gingi ku'nde olardın' ha'r biri o'zine ta'n ta'rizde du'nyanın' ideologiyalıq ko'rinisinde belgili bir orındı iyelewge urınbaqta.

İdeologiya ha'm ideologiyalıq ta'rbiya ma'selesi o'z g'a'rezsizligin qolg'a alg'an demokratiyalıq ma'mleket, erkin puxaralıq ja'miyettin' tiykarların qurıp atırg'an ma'mleketimiz ushın ha'm za'ru'r turmıslıq a'hmiyetke iye bolıp qalmaqta. Sonday-aq go'zlegen maqsetlerge bul arzıw-u'mitler h'a'm umtılıwların o'zinde ja'mlegen ideyalıq-teoriyalıq ko'z-qaraslar jıynag'ı bolg'an milliy ideologiya ha'm og'an tiykarlang'an ta'rbiya dizimisiz erisiw mu'mkin emesligi anıq.

Bul ma'selenin' aktuallıg'ı joqarıda atap o'tilgen ideologiya formalarının' qa'wpin qaytarıw za'ru'rligi menen h'a'm belgilenedi. Sonday-aq Prezidentimiz atap o'tkenidey olarg'a ideya h'a'm maripat menen qarsı gu'resiwimiz tiyis. Ma'mleketimizdegi sotsiallıq birge islesiw, milliy birlik h'a'm birlesiwdi saqlap qalıw ha'm rawajlandırıw jolı menen qolg'a kirgizilgen g'a'rezsizlikti qorg'aymız. Xalıqaralıq birlik, sonday-aq tariyxıy da'rejedegi baylanıslar, ku'shli rawajlang'an ma'mleketler menen ten' h'uqıqlı mu'na'sebet, o'z ara ma'pli baylanıslar bolsa g'a'rezsizligimizdi bekemlewdin' a'h'miyetli faktorı bolıp xızmet etedi. A'ne sonda g'ana Prezidentimizdin' ga'pi menen aytqanda, regionımız hesh qashan tsivilizatsiyalar qag'ıspaytug'ın, ba'lki olar bir-birine ta'sir etip, bir-birin bayıtıwdın' ko'rnekli u'lgisin beretug'ın ma'kang'a aylanadı. G'a'rezli geosiyasiy maqsetlerge erisiw jolındag'ı ideologiyalıq ta'sir o'tkiziwde, en' da'slep «bo'lip tasla ha'm h'u'kimranlıq qıl» degen qa'dimiy printsiplerge a'mel qılıwg'a urınıwdı atap o'tiw za'ru'r.

Bul printsipti a’melge asırıwdın’ <u>birinshi jolı</u> ma’mleket ishinde sotsiallıq ıdırawdı kelitirip shıg’arıw bolıp tabıladı h’a’m ol ja’miyet turmısının’ sotsiallıq, ekonomikalıq, siyasiy h’a’m ruwxıy tarawlarda o’zine ta’n ko’riniste payda bolmaqta. Ma’selen, bul usıl o’tiw da’wirindegi sotsiallıq ekonomikalıq qıyınshılıqlardı bo’rttirip ko’rsetiw arqalı elattın’ bar bolg’an jag’daydan na’riyzalıg’ın oyatıw, o’zlerinin’ namasına oynaytug’ın oppozitsiyalıq ku’shlerdi payda etiw menen siyasiy turaqsızlılıqtı keltirip shıg’arıwg’a bog’an ha’reketlerde sa’wlelenedi. Bul jolda diniy faktordan paydalanıwg’a urınıwlar ha’m bar ekenin aytıw kerek. Mine usı jag’dayda «maqset usıldı aqlaydı» degen tu’sinik g’a’rezli geostrategik ma’plerdi a’melge asırıwdın’ tiykarg’ı qag’ıydasına aylanıp atırg’anlıg’ın ko’rsetedi.

«Bo’lip tasla h’a’m basshılıq qıl» printsipin a’melge asırıwdın’ <u>ekinshi jolı</u> ma’mleketler ortasında tu’rli qarama-qarsılıqlardı payda etiw bolıp tabıladı. Bul joldın’ en’ ko’p tarqalg’an usılı, gegemonlıqqa talaban bolg’an ma’mleket bar ekenligin tiykarlap aytıw kerek bolsa, usınday ma’mleket obrazın jaratıw bolıp tabıladı. Bunday obrazlardın’ jaratılıwı jer ju’zinin’ tu’rli jerlerinde en’ keminde ma’mleketler aralıq qatnasıqlarda ha’lsizlikti payda etkenligi tuwrısındag’ı mısallardı qa’legenshe tabıw mu’mkin. Bunday «obrazlar» jaratılıwı na’tiyjesinde ma’mleketlerdin’ materiallıq-finanslıq, ruwxıy-intelektual jetiskenligi ja’miyettin’ rawajlanıwın ta’miynlew ornına mine usı «obraz» ta’sirinin’ aldın alıwg’a qaratılmaqta. Na’tiyjede ekinshi tiykarg’ı maqsetke belgili bir ma’mleketti ha’lsizlendiriw arqalı o’z ta’repdarına aylandırıwg’a erisip atır. «Bo’lip tasla h’a’m basshılıq qıl» printsipin a’melge asırıwdın’ <u>u’shinshi jolı</u> xalıq aralıq maydanda belgili ma’mleket haqqında natuwrı, obektiv emes oy-pikirlerdi qa’liplestiriw bolıp tabıladı. Xalıqaralıq maydannan ayrım ma’mleketlerdin’ waqtı - waqtı menen «quwg’ın» qılınıwı a’ne sonday ha’reketlerdin’ na’tiyjesi bolıp tabıladı.

Birgelikte islesiwdi anıqlaw belgili regionda geostrategik ma’plerdi a’melge asırıwg’a xızmet etetug’ın jeke bir printsip bolıp esaplandı. A’lbettte, belgili bir sebepler, aytıp o’tsek diniy, til birligi, ma’deniy jaqınlıq yamasa basqada sebeplerge ko’re ha’r bir ma’mleket kim menen bolsa da imtiyazlı birge islesiwi

mu’mkin. Bul ta’biyiy jag’day esaplanadı. Biraq, ga’p «imtiyazlı birge islesiw»den regionlıq ma’mleketler ortasında ayırmashılıqtı qa’liplestiriw, «natuwrı» ma’mleketler imkaniyatların sheklep qoyıw jolında paydalanıw, usının’ menen birge «birge islesiwshi» ma’mlekettin’ regiondag’ı basqa ma’mleketlerden qaysı bir jaqtan u’stemligin ta’miyinlewge qaratılg’an umtılıwlar h’aqqında baratır. Baslı maqset - belgili regiong’a ta’sir o’tkiziw platsdarmına iye bolıw esaplandı. Bunday platsdarmg’a iye bolıwg’a umtılıw bolsa, o’z na’wbetinde usı regionnnın’ geostrategiyalıq imkaniyatları menen belgilenedi. Usınday uzaqtı go’zlewshi g’a’rezli geosiyasiy h’a’m geostrategiyalıq maqsetlerde olardın’ siyasatının’ tiykarında jatıwı mu’mkin ekenligin umıtpaslıq kerek.

Ten’ h’uqıqlı ha’m o’z-ara paydalı birge islesiw printsipine a’mel qılıw geostrategiyalıq ma’plerdi a’melge asırıw ha’m ma’mleketler aralıq baylanıslardı bekkemlewdin’ en’ anıq h’a’m tuwrı jolı bolıp esaplanadı. O’zbekstan o’zinin’ g’a’rezsizliginin’ birinshi ku’nlerinen baslap, mine usı printsipke a’mel qılıp kiyatır. Bul printsip geostrategik ma’plerdegi wyg’ınlıqqa erisiw ha’m du’nya ko’leminde rawajlanıwdı ta’miyinlew bolıp tabıladı.

İdeologiyalıq ta’sir h’a’m qa’wipler h’aqqında ga’p ketedi eken, olardı anıqlaw, bah’alaw, qa’siyetlerin anıq ko’rsetiw ushın O’zbekstan Prezidenti İ.A.Karimov ta’repinen ilimiy tiykarlang’an bir qatar tu’sinikler kiritilgenligin ko’rsetip o’tiw tiyis. Olardın’ qatarında «İdeologiyalıq immunitet», «İdeologiyalıq profilaktika» sıyaqlılar bar. A’ne usı tu’siniklerdin’ mazmunı aydınlastırılg’anda h’a’zirgi du’nyada keship atırg’an ideologiyalıq protsesslerdin’ xarakterin ja’nede anıg’ıraq ko’z aldımızg’a keltiriw imkanı tuwıladı.

Ne ushın adamlar sanası ha’m qa’lbi ushın gu’res tu’rli ideologiyalardın’ bas maqsetine aylanıp qaldı? Anıq ha’m ta’sirli ideya bolıwı ushın ol adamlar sanasın iyelewi, tuwrırag’ı olardın’ qa’lbinen jay alıwı sha’rt. Eger bunday bolmasa ol yaki bul ideya tek xabar yaki jan’alıq sıpatında saqlanıp qaladı. Bir so’z benen aytqanda, ideya tek g’ana insan qa’lbin iyelegende, insannın’ ruwxıy jag’dayının’ ayrılmas bo’legine aylang’anda g’ana ha’reketke shaqırıwshı, ruwxlandırıwshı ku’shke, h’a’reket ushın qollanbag’a aylanadı, shaxs ushın sotsial a’h’miyetke iye

boladı. Sonın' ushında bu'gingi ku'nde tek insan sanısın emes, al qa'lbinde iyelew ideologiyalıq gu'restin' bas maqseti bolıp qalmaqta. A'ne sonın' ushında jer ju'zinin' tu'rli regionlarında xalıqlardın' qa'lbi ha'm sanası ha'r tu'rli ideyalardı sınaw maydanına basqasha aytqanda ideologiyalıq poligong'a aylandırımaqta.[19]

Poligon grek so'zinen (ko'p qırlı degen ma'nisti bildiredi) alınıp, a'skeriy termin retinde qollanıp kelingen. A'dette poligon degende qural-jaraq ha'm texnikanı sınaw, armiyanı a'skeriy tayarlıqtan o'tkeriw yaki a'skeriy shınıg'ıw, izertlewler alıp barıw ushın arnalg'an maydan tu'siniledi.

Tariyxqa na'zer taslaytug'ın bolsaq, basqa jerlerdi basıp alıw maqsetinde islenetug'ın urıs qural-jaraqları u'zliksiz jetilistirip barg'anın ko'remiz. Bu'gingi ku'nde bolsa basqa jerlerdi basıp alıw ushın onın' puxaraların joq etiw sha'rt emes. Yag'nıy, sanası, ko'z-qarası ha'm keypiyatları «maqul bolg'an» bag'darg'a o'zgertilgen xalıq ko'meginde ha'r qanday baylıq, ta'biiy resurslarg'a iyelik etiw mu'mkin bolıp qalmaqta.

Ma'mleketimiz ishinde buzg'ınshı ideyalardı tarqatıwg'a h'a'reket qılg'an kimseler, a'ne usınday jawız maqsetlerin, yag'nıy adamlar, a'sirese jaslardı aldaw, olar ja'rdeminde ma'mleketti o'z rawajlanıw jolınan shetletip jiberiwdi na'zerde tutqan edi. Shet ellerde a'ne sonday «talim» alg'an vahhabiylar, sonday-aq «xizvut tah'rir»shılardın' jaslardın' sanasın za'h'a'rlew jolındag'ı h'a'reketlerinde tap usılay bah'alaw mu'mkin.

İdeologiya poligonlarının' sınawdan o'tip atırg'an mazmunı «buzg'ınshı» bolg'an ideyalarg'a qarsı tura alıw ushın o'z aldına ideologiyalıq immunitet qa'liplestiriwi lazım. <u>Birinshiden</u>, insannın' ko'plegen qa'siyetleri tuwma bolsada, ideologiyalıq h'a'm ideyalıq immunitet qa'liplestiriliwi za'ru'r.

<u>Ekinshiden</u>, ideologiyalıq h'a'm ideyalıq immunitet ha'r bir a'wlad ushın o'zine ta'n qa'siyetlerge iye boladı. <u>U'shinshiden,</u> ideologiyalıq ha'm ideyalıq immunitet sisteması qa'liplestirilgende g'ana ideologiyalıq g'a'rezsizlikti tolıq ta'miyinlewimiz mu'mkin. İdeologiyalıq immunitet sistemasının' tiykarg'ı h'a'm <u>birinshi sha'rti</u> bul bilim. Biraq bilimler ko'p. Ma'selen ullı ma'mleketlik

[19] И. А. Каримов. «Жамиятимиз мафкураси халқни-халқ, миллатни-миллат қилишга хизмат этсин», «Тафаккур» журнали бош муҳаррири саволларига жавоблар. 1998 йил, 2 сон.

shovinizm yamasa agressiv milletshilik ideologiyasın ha’m praktikası ta’repdarlarıda «bilim»lerge su’yenedi ha’m onı basqalarg’a sin’diriwge ha’reket qıladı. Sonday eken, bir ta’repten ideologiyalıq immunitet sistemasındag’ı bilimler obektiv bolıwı, shınlıqtı tuwrı ha’m tolıq sa’wlelendiriwi, insan ruwıxıylıg’ının’ bayıwına h’a’m ja’miyet rawajlanıwına xızmet qılıwı lazım. Ekinshiden, bul bilimler o’z ma’nisi boyınsha Watan, millet ma’pleri ulıwmainsanıy qa’diriyatlar u’stemligi menen tıg’ız baylanısta bolıwı kerek.

İdeologiyalıq immunitet sistemasın ekinshi tiykarg’ı bo’limi a’ne sonday bilimler negizinde qa’liplesetug’ın qa’diriyatlar sisteması esaplanadı. Sonlıqtan, bilimler qanshelli obektiv h’a’m teren’ bolsa, onın’ negizinde ju’zege kelgen qa’diriyatlar ha’m sonshelli bekkem boladı. Bir so’z benen aytqanda, shaxs, millet yaki ma’mlekettin’ qa’diriyatlar sisteması ideologiyalıq immunitettin’ imkaniyatların belgilep beredi ha’m ideologiyalıq qa’wiplerge bekkem qalqan bolıp xızmet qıladı.1

Biraq, bilimler ha’m qadiriyatlar sisteması da ideologiyalıq immunitettin’ ma’nisin tolıq sa’wlelendire almaydı. Sebebi, bul eki element ideologiyalıq immunitettin’ u’shinshi a’h’miyetli elementi, yag’nıy ja’miyetlik ekonomikalıq, siyasiy ha’m ma’deniy-ag’artıwıshılıq salalarındag’ı anıq maqsetler sisteması menen baylanıslı. Yag’nıy ha’r bir adam siyaqlı xalıq, ma’mleket ha’m ja’miyettin’de anıq maqseti bolıwı sha’rt. Sonın’ menen birge bul maqset anıq an’lanıwı h’a’mde onı a’melge asırıwda batıl qa’demlilik da’rkar. A’ne sonday anıq sistema bolmas eken, jeke insan, millet yaki ja’miyet ashıq yaki jabıq ko’rinistegi ideologiyalıq zorlıqlarg’a shıdam beriwi qıyın.

Bunday ideologiyalıq immunitet sistemasın qa’liplestiriwde ideologiyalıq profilaktikanın’ ornı u’lken. Sebebi, ol o’z ma’nisi boyınsha, jat ideyalardın’ kirip keliwinin’ aldın alıw h’a’m olardı joq etiwge qaratılg’an ilajlar jıyındısın o’z ishine aladı. Demek, ideologiyalıq profilaktika ha’r qıylı ko’rinislerde ja’miyetlik institutlar ta’repinen a’melge asırılatug’ın ideyalıq-ta’rbiyalıq, siyasiy, ekonomikalıq, ja’miyetlik, ag’artıwshılıq jumısları jıyındısın, bir so’z benen

aytqanda, bul salada durıs sho'lkemlestirilgen ta'lim ta'rbiya sistemasın o'z ishine aladı.

«Millet bar eken, milliy ma'mleket bir eken, onın' g'a'rezsizligi ha'm erkinligine, ma'deniyatı ha'm u'rp-a'detlerine qa'wip salatug'ın, onı o'z ta'sirine alıw, onın' u'stinen h'u'kmranlıq qılıw, onın' baylıqlarınan o'z ma'pi jolında paydalanıwg'a qaratılg'an umtılıw ha'm h'a'reketler ha'mme waqıt qa'wip sıpatında saqlanıp qalawı so'zsiz»,- dep jazadı Prezidentimiz İ. A Karimov.[20] Sonday eken, jaslarımızdı ruwxıy jetik, erki ku'shli, iymanı pu'tin, bir so'z benen aytqanda, ku'shli ideologiyalıq immunitetke iye shaxs sıpatında ta'rbiyalaw azat ha'm abat Watan, erkin ha'm pa'rawan turmıs qurıwdın' tiykarg'ı sha'rtlerinen biri bolıp qala beredi.

Milliy g'a'rezsizlik ideyası O'zbekstannın' rawajlanıwı ushın xızmet etedi, milletinen, tilinen ha'm dininen g'a'rezsiz da'rejede barlıq xalqımızdın' ma'pin bayanlaydı. Milliy ideologiya o'zinde xalıq ha'm ja'miyetti birlestiretug'ın, isenimnin', ku'shtin' deregi bolatug'ın, o'zinde adamlardın' sanasına jaqsı ta'sir ko'rsetetug'ın oy-pikir h'a'm sezimlerdi sa'wlelendiriwi, aldın'g'ı ideyalardı o'zine sin'diriwi, buzg'ınsha ko'z - qaraslardı jolatpay du'nyadag'ı o'zgerislerdi esapqa ala otırıp zamanogo'y ideologiyalıq usıllar menen qurallanıwı tiyis.[21]

Aldımızda turg'an strategiyalıq ma'selelerdi sheshiwde, jan'a ja'miyetti qurıwda, bas reformator bolg'an ma'mleketlik qurılıs ha'm basqarıw sistemasın jetilistiriwde partiyalardı bu'gingi ku'nnin' talaplarına juwap beretug'ın da'rejege jetkermey turıp tabısqa erisiw mu'mkin emes.

Bu'gin O'zbekstan Respublikası Prezidenti İ. A. Karimov ta'repinen ilgeri su'rilgen, elimizdi reformalastırıw ha'm modernizatsiyalawdın' strategiyalıq bag'darlamasın ulıwma xalıqlıq qollap-quwatlaw, bizin' ko'p milletli xalqımızdın' erisiwi lazım bolg'an ullı maqseti- G'a'rezsiz O'zbekstan Respublikasında

---

[20] И. А. Каримов. «Жамиятимиз мафкураси халқни-халқ, миллатни-миллат қилишга хизмат этсин», «Тафаккур» журнали бош муҳаррири саволларига жавоблар. 1998 йил, 2 сон.

[21] Миллий истиқлол ғоясини халқимиз онгига сингдириш омиллари ва воситалари. Тошкент, 2002, «Ижод дуньяси» нашриёт уйи.

keleshegi ullı bolg'an a'dil demokratiyalıq ma'mleket, gu'llengen puxaralıq ja'miyet qurıwg'a barlıq siyasiy partiyalar belsene qatnasıwı za'ru'r boladı.

Ba'rimiz Watan ko'rki, el tınıshlıg'ı ha'm xalıq abadanshılıg'ın ta'miyinlew ushın, ja'miyetlik birgelik jag'dayına zıyan jetkiziwi mu'mkin bolg'an ha'r qanday qa'wip-qa'terdin' aldın alıw, olardı qa'liplestirmew ushın kerek bolg'an sharalardı ko'riwimiz tiyis. Nege degende usı aziz Watan ha'mmemizdiki, ondag'ı ta'shwishte, tabıs h'a'm kemshilikler, jetiliskenlikler barlıg'ımızg'a tiyisli.

Ja'miyetimiz turmısında siyasiy partiyalardın' ornı ha'm roli milliy g'a'rezsizlik ideologiyasın qa'liplestiriwde, partiya ideologiyalarının' milliy g'a'rezsizlik ideyamız mazmunındag'ı qa'diriyatlar menen uyg'ınlasıwı, olardı sa'wlelendiriwi, bulardın' barlıg'ı, jamiyetimizdi elede demokratiyalastırıw h'a'm modernizatsiyalastırıwda partiyalardın' ayrıqsha girewli ornına iye ekenligin an'latadı. Siyasiy partiyalar - ja'miyetimizdin' siyasiy sistemasının' aktiv elementi sıpatında, gruppalıq ma'plerdin' ulıwma milliy ma'pler menen uyg'ınlasıwın ta'miyinlewshi siyasiy institutlardan biri. Olar o'zlerinin' siyasiy maqsetlerine erisiwde nızamlı jol menen ha'kimiyattın' mexanizmlerin iyelegen halda, partiyalıq ideologiyasında o'z sa'wlesin tapqan milliy g'a'rezsizlik ideyası aldındag'ı ullı maqsetlerge erisiwdi ta'miyinlewshi birden–bir siyasiy sho'lkemlesken ku'shlerden. Milliy g'a'rezsizlik ideyası pu'tin ja'miyet ag'zalarının' ullı keleshek jolındag'ı birge islesiwin ha'm ja'mlesiwin na'zerde tutadı ha'mde xalıq abadanshılıg'ına erisiwdin', tınıshlıq h'a'm turaqlılıqtı bekkemlewdin' a'hmiyetli sha'rti esaplanadı.

Siyasiy partiyalardın' ideologiyası ha'm milliy g'a'rezsizlik ideyası qa'diriyatlarının' ha'zirgi demokratiyalıq ja'miyet qa'diriyatları menen uyg'ınlasıwı respublikamızdın' keleshekte ja'nede rawajlanıwı, ja'ha'n ja'miyetshiligine qosılıwı h'a'mde onda o'zinin' girewli ornına iye bolıwındag'ı a'hmiyetli faktorlardan biri sanaladı. Bu'gingi ku'nde ja'miyetimizdegi siyasiy maydanda ku'shli siyasiy ba'sekilik qa'liplesken bolıp, siyasiy partiyalar bul maydanda partiyalıq ideologiyasının' artıqmashılıg'ı ha'm siyasiy iskerligi

na’tiyjeliliginin’ joqarılıg’ı menen demokratiyalastırıw ha’m modernizatsiyalaw protsessinde ulken rol oynaydı.

# II-BAP. SİYaSİY PARTİYaLAR DO'RETİWShİ İDEYaLARDI A'MELGE ASIRIWShI SUBKTLER SIPATINDA

## § 1. O'zbekstanda ko'p partiyalıq h'a'm onın' tendentsiyaları.

Ma'mleketimizdi jan'alaw ha'm demokratiyalastırıw, O'zbekstanda puxaralıq ja'miyetti qurıw barısındag'ı maqsetlerge izbe-izlik penen erisiwde siyasiy partiyalardın' ma'mleket h'a'm ja'miyet qurılısı sistemasındag'ı roli ha'm a'h'miyetin tu'p tiykarınan ku'sheytiw wazıypası birinshi nawbette saylaw protsesslerinde puxaralarımızdın' siyasiy ha'm sotsiallıq belsendiligin asırıw, xalıqtın' erk-ıqrarın bayanlaw, olardın' orayda ha'm jaylarda ma'mleketlik ha'kimiyattı qa'liplestiriw maselelerinde tikkeley qatnasıwın ta'miyinlewdin' sheshiwshi quralı sıpatında a'hmiyetli orındı tutadı.

Ja'miyetimizdi siyasiy jan'alaw ha'm reformalastırıwdın' ha'zirgi basqıshında a'ne usı wazıypalardı a'melge asırıw ma'mleket-huqıqıy sistemasın ja'nede demokratiyalastırıw ha'm ma'mleketimizdi modernizatsiyalaw protsessinin' en' ta'sirli tu'rtkisi ha'm a'hmiyetli faktorı bolıp tabıladı.

Demokratiyalıq ma'mleketti qurıw, puxaralıq institutlardı qa'liplestiriw ha'm puxaralardın' erkinliklerin ta'miyinlew, ekonomikanın' turaqlı rawajlanıwına erisiw tarawında tariyxıy uzaq joldı basıp o'tken shet el ma'mleketlerinin' bay ta'jriybesi h'a'm qolg'a kirgizgen tabısları a'ne usılardın' da'lili bola aladı.

Bul wazıypanı o'z waqtında ku'n tartibine qoyıw za'ru'rligin, eg'n' da'slep, ja'miyetimizdi basqıshpa-basqısh reformalastırıw ha'm jan'alaw boyınsha biz tan'lag'an rawajlanıw modelinin' talapları, g'a'rezsizlik jıllarında siyasiy partiyalar tamanınan toplang'an ta'jriybe talap etpekte. Ma'mleketimizde xalıqtın' ku'nnen-ku'nge asıp baratırg'an siyasiy sanası ha'm iskerligi barlıg'ımızdı usıg'an shaqırmaqta.

Xalqımız ushın tuwrı kelmeytug'ın eski totalitar sistemadan bu'gin biz qurıp atırg'an insan, onın' huqıq ha'm erkinlikleri, qa'diri ha'm isenimi en' ullı printsip esaplang'an azat ja'miyetke qaray O'zbekstan basıp o'tken awır ha'm ju'da quramalı joldı analiz qılar ekenbiz, ma'mleketimiz keleshegin belgilep beretug'ın ma'mleketshilik h'a'm jaa ja'miyet tırnag'ın qa'liplestiriw boyınsha tan'lag'an

milliy rawajlanıw modelimiz qanshelli durıs ekenligin u’zil-kesil atap ko’rsetiw ushın barlıq tiykarlarımız bar.

G’a’rezsizlik jıllarında ma’mleketimizde siyasiy partiyalardın’ ken’ ko’lemde sotsiallıq-siyasiy iskerlikti alıp barıwın ta’miyinleytug’ın bekkem nızamshılıq bazası jaratıldı. Solardan, «Ja’miyetlik biprlespeler h’aqqında»g’ı, «Siyasiy partiyalar haqqında»g’ı, «Ma’mleketlik emes kommertsiyalıq emes sho’lkemler h’aqqında»g’ı, «Puxaralardın’ saylaw h’uqıqlarının’ kepillikleri h’aqqında»g’ı, «Siyasiy partiyalardı qarjılandırıw h’aqqında»g’ı nızamlar h’a’m basqada bir qansha nızam h’u’jjetleri qabıl qılındı.

Sonın’ menen birge Oliy Majliske, jergilikli h’a’kimiyat wa’killikli organlarına saylawlar h’aqqındag’ı nızamlarg’a muwapıq jaylarda ko’ppartiyalıq ha’m saylawshılardın’ talapların hu’rmet etiw printsiplerine tiykarlang’an ha’zirgi zaman talap ha’m standartlarına juwap beretug’ın saylaw sisteması jaratıldı.

Demokratiyalıq sotsiallıq-siyasiy h’a’m sotsiallıq-ekonomikalıq reformalardı a’melge asırıw, xalqımızdın’ sotsiallıq-siyasiy belsendiligin asırıw ha’m jergilikli wa’killilik organları rolin ku’sheytiw, nızam do’retiwshiligi protsessin jetilistiriw h’a’m h’a’kimiyatttın’ nızam shıg’arıwshı, atqarıwshı ha’m sud tarmaqları arasındag’ı o’z-ara balans ha’m ten’salmaqlıqtı saqlaw boyınsha na’tiyjeli sistemanı jaratıw maqsetinde ma’mleketimizdin’ nızam shıg’arıwshı joqarı organı O’zbekstan Respublikasının’ eki palatalı Oliy Majlisine aylandırıldı.

Bu’gin sonı isenim menen aytıwımız mu’mkin, eki palatalı Oliy Majlistin’ jeti jıl dawamındag’ı jumısı parlament reformalarının’ o’z waqtında h’a’ puxta oylap a’melge asırılg’anınan derek berip atır.

Na’tiyjede son’g’ı jıllarda nızam shıg’arıwshı ha’kimiyat - ma’mleket parlamentinin’, sonday aq, siyasiy partiyalardın’ demokratiyalıq o’zgerislerdi a’melge asırıwdag’ı roli h’a’m ta’siri bir qansha artqanın ko’rsetip atır. Nızamshılıq palatasında siyasiy partiyalar fraktsiyalarının’ iskerligi ku’nnen-ku’nge ku’sheymekte, fraktsiyalar aralıq gu’resler rawajlanbaqta ha’mde bul jag’day siyasiy partiyalar statusının’ ha’m qabıl qılınıp atırg’an nızamlardın’ sapasının’ asıwına jaqsı ta’sir ko’rsetpekte.

Siyasiy ta'jriybe arttırıw ha'm siyasiy jetiklikke erisiw, en' a'hmiyetlisi, finanslıq g'a'rezsizlik, ja'miyette o'z ornın tabıw, o'zinin' turaqlı elektoratına tayanıw – bul, gumansız, bu'gingi ku'nde siyasiy palatforması ha'm bag'darınan qattı na'zer, ma'mleketimizde barlıq partiyalardın' basıp o'tken jolı.

Demokratiyalıq reformalardı teren'lestiriw za'ru'rligi puxaralardın' sotsiallıq-siyasiy belsendiligin ja'nede asırıwdı, demokratiyalıq huqıqıy ma'mleket qurılısın, sotsiallıq rawajlanıwdın' bu'gingi real jag'dayı h'a'm talabın esapqa alg'an holda, siyasiy partiyalardın' ma'mleket ha'm ja'miyet turmısında tutqan ornı ha'm rolin ku'sheytiwge qaratılg'an jan'a qararlardı qabıl qılıwdı, insan ma'plerin, xalıqtın' erk – ıqrarın, tileklerin h'a'mde pikirlerin tolıq inabatqa alıwdı talap etedi.

Ko'ppartiyalıq – demokratiyalıq ja'miyettin' za'ru'rli jag'dayı bolıp, ol ha'kimiyatqa bir partiyanın' monopoliyasın sheklegen halda, alternativlik oylaw h'a'm h'a'reketlerin adamlardın' sanasına ha'm a'meliyatına engizedi. Siyasiy partiyalar – ma'mleketlik ha'kimiyatqa nızamlı jol menen erisken halda, o'z siyasiy bag'darlaması tiykarında ja'miyettin' ma'pleri menen o'zlerinin' ma'plerin uyg'ınlastırıp erisiw maqsetin ilgeri su'rgen bir pikirdegi ha'm maqsette birlesken sho'lkemlesken adamlar toparı. Ha'r qanday partiyanın' baslı wazıypası - ma'mleketlik h'a'kimiyatqa nızamlı usıllıar menen erisken halda o'z siyasiy programmalarının' strategiyalıq maqsetlerin a'melge asırıwı. Siyasiy partiyalardın' strategiyalıq maqsetleri olardın' partiyalıq programmasında o'z sa'wlesin tapqan olardın' ideologiyalıq platformasının' sostav bo'legi bolıp, olar o'z ishine keleshektin' obrazı, bu'gingi jag'day h'a'mde sol keleshekke erisiw quralın qamtıp aladı.

Keleshek obrazı – siyasiy partiyalar erisiwge umtılg'an tiykarg'ı strategiyalıq maqset bolıp, onda partiyanın' arzıw etken h'a'm qa'lewi menen bolıwı kerek bolg'an ma'mleket h'a'm ja'miyettin' jag'dayı byanlanadı. Ha'r qanday siyasiy partiyanın' baslı wazıpası - ma'mleketlik nızamshılıq h'a'm atqarıw h'a'kimiyatın iyelew arqalı ja'miyet h'a'm ma'mleketti o'zleri arzıw etken jag'dayg'a jetkeriw. Birinshi gezekte siyasiy partiyalar nızamshılıq

h’a’kimiyatında ko’pshilik orıng’a iye bolg’an parlamenttegi fraktsiyaları arqalı nızam do’retiw protsessii arqalı atqarıw h’a’kimiyatına o’z ta’sirin o’tkeriw, partiya bag’darlamasına say bolg’an siyasiy ha’m sotsial-ekonomikalıq qararlardın’ qabıl etiliwine ta’sir etiw, atqarıw ha’kimiyatın qadag’alaw arqalı nızamlardın’ buljıtpay oryanlanıwına erisiw.

Siyasiy protsesste qatnasıw ha’mde o’zlerinin’ maqsetine erisiw ushın siyasiy partiyalar ma’lim bir resurslarg’a iye bolıwı kerek. Olardın’ en’ tiykarg’ılarına:

– barlıq jerlerde o’zlerinin’ baslang’ısh sho’lkemlerine yie bolg’an halda ma’mleketlik ha’m ja’miyetlik turmısta ma’mleketlik h’a’m jergilikli organlarg’a ku’shli siyasiy ta’sir ete alatug’ın siyasiy sho’lkem bolıwı;

– tiykarg’ı elektoratının’ (saylawshılarının’) ma’plerin ju’zege shıg’arıw h’a’m bayanlaw arqalı olardı qorg’aw;

– tiykarg’ı punktleri ja’miyettegi ko’plegen gruppalardın’ ma’plerin ulıwma ja’miyetlik ma’pler menen uyg’ınlastırg’an halda partiyanın’ a’tirapına jıynay alatug’ın ideologiyalıq qural yamasa ideyalardın’ jıyındısı sıpatındag’ı ku’shli siyasiy ideologiyanın’ bolıwı;

– qarjı resurslarının’ ha’m dereklerinin’ bolıwı;

– informatsiyalıq analitikalıq bazag’a iye bolıwı, informatsiyalıq qollap quwatlanıwı, gazeta, jurnallarının’ bolıwı;

– siyasiy partiyada ma’seleni qoyıp h’a’m onın’ sheshimin bere alatug’ın ku’shli siyasiy intellektke iye kadrlardın’ bolıwı jatadı.

Sonın’ menen birge O’zbekstanda eki baslı tendentsiyanın’ ku’sheyiwin ko’rsetiw maqsetke muwapıq boladı. Olarg’a siyasiy partiyalarda, siyasiy sistemadag’ı institutsionalizatsiya ha’m liderliktin’ professionalasıwı kiredi.

Liderliktin’ institutsializatsiyası bu’ginde ha’kimiyatg’a iye bolıw, og’an umtılıw, kadrlardın’ tan’lanıwı ha’m rekrutlasıw protsessii ma’lim bir norma ha’m sho’lkemlerdin’ tiykarında a’melge asırılıwı menen belgileniwinde bayanlanadı. Bul protsess ha’kimiyattın’ bo’liniw printsipi menen baylanıslı boladı, ma’lim bir da’rejede konstitutsiyalıq ’a’m nızam tiykarında a’melge asırıladı.

Liderliktin’ professionalasıwı (qa’niygelesiwi) siyasatttın’ ka’sipke aylanıwı, ko’p partiyalıq sistema da’rejesindegi siyasattın’ usıl ha’m texnologiyaların biliw menen baylanıslı bolıp tabıladı. Sonın’ ushında bu’gingi partiyalardın’ aldında ja’miyet ag’zalarının’ ma’pleri menen qa’lewlerin siyasiy qarar da’rejesine aylandırıw imka’niyatlarına iye bolg’an, sog’an uqıbı bar, siyasiy analizlew h’a’m kompetentli qarar qabıl etiw metodları, uqıplarına iye adamlardın’ iskerligi menen tıg’ız baylanıslı bolıp baratır.

«Ma’mleketti basqarıwdı jan’alaw h’a’m ja’nede demokratiyalastırıw ha’mde ma’mleketti modernizatsiyalawda siyasiy partiyalardın’ rolin ku’sheytiw h’aqqında»g’ı O’zbekstan Respublikasının’ Konstitutsiyalıq Nızamı joybarı ja’riyalang’an da’wirge, yag’nıy 2006 jıldın’ son’ına kelip O’zbekstan Respublikasının’ siyasiy partiyaları o’zlerinin’ jas ekenligine qaramastan o’z elektoratı ma’plerin h’a’kimiyat wa’killik organlarında bayanlawg’a tiyisli jan’a quramalı ma’selelerdi bejeriwge ja’nede ma’mleket ha’m ja’miyet qurılısın rawajlandırıw protsessinde belsene qatnasa alatug’ın siyasiy jetik ku’sh sıpatında qa’liplesken edi.

O’zbekstan Respublikası Prezidenti İ.A. Karimovtın’ baslaması menen islep shıg’ılg’an h’a’m parlamentke kirgizilgen, 2008 jıldan tolıq o’z ku’shine kirgen «Ma’mleketti basqarıwdı jan’alaw ha’m ja’nede demokratiyalastırıw ha’mde ma’mleketti modernizatsiyalawda siyasiy partiyalardın’ rolin ku’sheytiw h’aqqında»g’ı O’zbekstan Respublikasının’ Konstitutsiyalıq Nızamı partiyalar potentsialın a’melge asırıw ushın barlıq za’ru’r sha’rayatlardı jarattı[22]. Bug’an h’a’mmesinen burın parlament to’mengi palatasının’ sho’lkemlesiwinin’ jan’a ta’rtibi arqalı erisiw mu’mkin boldı. Usıdan kelip shıqqan halda siyasiy partiyalardın’ fraktsiyaları tek joqarg’ı siyasiy statusqa iye bolıp qalmay, sonın’ menen birge hu’kimettin’ siyasiy ta’repten tan’lag’an jolına ja’nede na’tiyjelirek ta’sir etiw imka’niyatların bere alatug’ın bir qatar huqıqlardı da qolg’a kiritti. Usı ta’repinen qarag’anda oblastlar ha’m Tashkent qalası ha’kimin lawazımg’a

1. Ўзбекистон Республикасининг «Давлт бошқарувини янгилаш ва янада демократлаштириш ҳамда мамлакатни модернизация қилишда сиёсий партияларнинг ролини кучайтириш тўғрисида»ги Конституциявий Қонуни. Тошкент, 2007 йил.

tayınlaw h'a'm tastıyıqlawdın' jan'a ta'rtibin ha'mde oblastlar ha'm Tashkent qalası xalıq deputatları Ken'eslerinin' oblast h'a'm Tashkent qalası h'a'kimi iskerligi u'stinen qadag'alaw funktsiyalarıda ju'da a'h'miyetli bolıp sanaladı. Bul h'uqıqlar partiyalarg'a olardın' oblastlıq sho'lkemleri rezervlerin ashıp beriwge h'a'm olardan paydalanıwg'a, rayon h'a'm qalalıq sho'lkemleri menen o'z-ara birge islesiwinin' na'tiyjeliligin asırıwg'a imka'niyat berdi. Sebebi olarsız ayırım berilgen h'uqıqların a'melge asırıw qıyın bolar edi.

Ulıwma alg'anda «Ma'mleketti basqarıwdı jan'alaw ha'm ja'nede demokratiyalastırıw ha'mde ma'mleketti modernizatsiyalawda siyasiy partiyalardın' rolin ku'sheytiw h'aqqında»g'ı O'zbekstan Respublikasının' Konstitutsiyalıq Nızamı siyasiy partiyalardın' belsendiligin ku'sheytiw ushın tu'rtki boldı ha'm usı belsendilik, gumansız, tu'rli partiyalar ta'repinen a'melge asırılıp atırg'an ilajlarg'a qatnasıp atırg'an puxaralarg'ada o'tedi. En' a'h'miyetlisi bul Konstitutsiyalıq Nızam O'zbekstan siyasiy maydanında siyasiy ba'sekilikti xoshametleydi, al bul bolsa so'zsiz ja'miyettegi siyasiy protsesslerdi basqarıw sapasının' ku'sheyiwine alıp keledi. Ma'mleketti basqarıwın jan'alaw ha'm ja'nede demokratiyalastırıw h'a'mde ma'mleketti modernizatsiyalawda siyasiy partiyalardın' rolin ku'sheytiwge qaratılg'an jan'a normalardın' na'tiyjeliligi xalıqtın' siyasiy-h'uqıqıy ma'deniyatın basqıshpa-basqısh ko'teriw siyasatınan kelip shıg'adı. Usı jag'dayda partiyalar o'zleri ta'repinen toplang'an ta'jriybeni jan'a huqıqıy ken'islikte qollanıw ushın za'ru'rlikti sezgeninde payda boladı[23].

Ulıwma alg'anda «Ma'mleketti basqarıwdı jan'alaw ha'm ja'nede demokratiyalastırıw ha'mde ma'mleketti modernizatsiyalawda siyasiy partiyalardın' rolin ku'sheytiw haqqında»g'ı O'zbekstan Respublikasının' Konstitutsiyalıq Nızamı joybarı ulıwma xalıqlıq dodalaw ushın ja'riyalang'an waqıtta siyasiy partiyalar siyasiy jetiklikke eriskennen basqa fraktsiyalar blogına birlesiw h'a'm fraktsiyalardın' parlament oppozitsiyası rolinde iskerlik alıp barıw ta'jriybesine iye edi.

[23] «Давлат бошқарувини янгилаш ва янада демократлаштириш ҳамда мамлакатни модернизация қилишда сиёсий партияларнинг ролини кучайтиришнинг ҳуқуқий асослари» мавзусидаги халқаро «давра суҳбати»нинг материаллари. Тошкент, 2007 йил.

Prezidentimizdin’ Oliy Majlisti eki palatalı parlamentke aylandırıwg’a baylanıslı baslamaları bulardı a’melge asırıwg’a imka’n beredi. Usı parlament reformaları barısı dawamında siyasiy partiyalar ha’m olardın’ fraktsiyalarının’ rawajlanıwı ushın barlıq sha’rayatlarg’a iye boldı. O’zbekstan Respublikasında siyasiy partiyalar ushın O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ baslaması ayrıqsha a’h’miyetke iye[24].

Xalıqtın’ ma’pin o’zinin’ ma’pleri dep esaplaytug’ın, Watan ushın janın pida’ qılıwg’a tayar, o’zinin’ eli h’a’m jurtı ushın janıp jasaytug’ın adamlardı birlestiriwshi sho’lkem – bul siyasiy partiyalar. O’z potentsialın ko’rsetiw ha’m ba’sekelik gu’resinde h’a’kimiyat wa’killik organlarında o’z ta’sirin ken’eytiriw ushın jan’a sharayatlar partiyalar ushın ken’ imka’niyatlar jaratadı.

«Ma’mleketti basqarıwdı jan’alaw ha’m ja’nede demokratiyalastırıw ’a’mde ma’mleketti modernizatsiyalawda siyasiy partiyalardın’ rolin ku’sheytiw haqqında»g’ı O’zbekstan Respublikasının’ Konstitutsiyalıq Nızamı joybarı 2006 jılı noyabr ayında ja’riya qılıng’annan baslap O’zbekstanda siyasiy partiyalar o’zlerinin’ Oraylıq Ken’esleri menen Oliy Majlistin’ Nızamshılıq palatasındag’ı partiya fraktsiyaları menen birgeliktegi qospa ma’jilislerinde O’zbekstan Respublikası Prezidenti ta’repinen nızamshılıq baslaması tiykarında kirgizilgen Konstitutsiyalıq Nızam joybarları ken’nen dodalay basladı. Usı dodalawlar barısında partiya fraktsiyası ag’zaları Konstitutsiyalıq Nızam joybarın qollap-quwatlag’an da’rejede Prezidentimiz ta’repinen kirgizilgen Konstitutsiyalıq Nızam joybarın propagandalaw boyınsha wazıypalardı anıqlap alıw za’ru’rligi h’aqqında ayrıqsha uqtırıp o’tti.

Kirgizilgen nızam joybarların ulıwma xalıqlıq dodalaw protsessinde propaganda qılıw jobasın islep shıg’ıw boyınsha partiya fraktsiyaları h’a’m Oraylıq Ken’es (Siyasiy Ken’es) ag’zalarınan ibarat du’zilgen isshi gruppalar du’zildi. Usı ilajlar jobası partiyalar Oraylıq Ken’esi Plenumları ta’repinen tastıyıqlandı. Barlıq partiyalardın’ Oraylıq organları ha’m jaylardag’ı sho’lkemleri ta’repinen usı nızamlardın’ normaları teren’ ha’m ’a’r ta’repleme u’yrenildi. Sonın’ menen birge

[24] «Ўзбекистон демократик ислоҳотлар йўлида» мавзусидаги халқаро илмий-амалий конференция материаллари. Тошкент, 2007 йил.

olar ta'repinen barlıq buwınlardag'ı partiya jumıslarının' alıp barılıwı ha'm a'melge asırılıwı kritikalıq ruwxtag'ı analizler menen tolıqtırıldı. Sebebi partiyalar iskerligi ushın usı nızamlar ta'repinen jaratılatug'ın jan'a sha'rayatlar jan'a talaplardı ortag'a qoyadı, tiykarınan fraktsiyalar h'a'm partiya gruppalarına berilip atırg'an ken' imka'niyatlar olarg'a jan'a bir juwapkerliktide ju'kleydi.

Sonın' menen birge partiyalardın' keyingi Plenumlarında alıp barılg'an jumıslardın' na'tiyjelerinin' analizi tiykarında partiyalardın' barlıq buwınlarında partiyanın' jan'a h'uqıqıy ma'kang'a kirip barıwına baylanıslı jumıslardı ja'nede aktivlestiriw za'ru'rligi atap o'tildi.

Siyasiy partiyalar Plenumlarında O'zbekstan Respublikası prezidenti qasındag'ı Ma'mleket ha'm ja'miyet qurılısı akademiyasında oblastlar Ken'eslerindegi partiyanın' deputatlıq gruppaları baslıqları ushın seminardı h'a'mde partiyalardın' oblastlıq Ken'esi sekretarları h'a'm Oraylıq Ken'es Atqarıw apparatının' xızmetkerleri ushın «Ma'mleket basqarıwın jan'alaw ha'm ja'nede demokratiyalastırıw h'a'mde ma'mleketti modernizatsiyalawda siyasiy partiyalardın' roli» temasında arnawlı kurstı sho'lkemlestiriw h'aqqında qararlar qabıl qılındı. Partiyalardın' qala ha'm rayon Ken'esleri sekretarları ushında usınday ilajlar Puxaralıq ja'miyetin u'yreniw institutı menen birgelikte a'melge asırıldı[25].

Siyasiy partiyalar iskerligin teren' u'yreniw ha'm analizlew tiykarında «Ma'mleketti basqarıwdı jan'alaw ha'm ja'nede demokratiyalastırıw h'a'mde ma'mleketti modernizatsiyalawda siyasiy partiyalardın' rolin ku'sheytiw h'aqqında»g'ı O'zbekstan Respublikası Konstitutsiyalıq Nızamı normaların amelge asırıw boyınsha siyasiy partiyalardın' Programmalıq wazıypaları islep shıg'ıldı. Bul Programmalıq wazıypalarda partiyalar, partiya fraktsiyaları ha'm gruppalarının' roli ha'm juwapkerligin asırıw, Oliy Majlis Nızamshılıq palatasındag'ı partiya fraktsiyalarının', xalıq deputatları oblastlıq Ken'esi ha'm Tashkent qalası Ken'esindegi partiyalıq deputatlıq gruppaların sho'lkemlesiw h'a'm ideologiyalıq ta'repten bekkemlew, sonday aq partiyanın' keleshektegi

[25] Жалменов. У.А, Жураев С. А, Коренев И. А. Узбекистан: модернизация и развитие политической системы. «Академия», Ташкент, 2009 год.

saylaw kampaniyalarına tayarlıq ko’riw ma’seleleride na’zerde tutıldı. Partiyalardın’ usı Programmalıq wazıypaları anıq ilajlardı, proektlerdi h’a’m real da’rejede salıstırıw mu’mkin bolg’an ko’rsetkishler menen birge ku’tiletug’ın na’tiyjelerdi o’z ishine aladı[26].

Usılarg’a tiyisli siyasiy-h’uqıqıy analiz Konstitutsiyalıq Nızamnın’ ha’reketke engiziliwi h’a’m partiyalıq iskerlik jan’a h’uqıqıy maydannın’ jaratılıwı siyasiy partiyalardın’ tiykarg’ı programmalıq dokumentlerine o’zgeris ha’m qosımshalardı kirgiziw za’ru’r ekenligin ko’rsetti. Usılarg’a muwapıq ayırım siyasiy partiyalardın’ dokumentlerine o’zgerisler h’a’m qosımshalar kiritildi.

Siyasiy partiyalar, olardın’ fraktsiyaları ha’m partiya gruppalarına berilgen jan’a huqıqlardı a’melge asrıw ushın kadrlar menen islesiwdi ku’sheytiw lazımlıg’ı atap o’tildi. Ayrıqsha da’rejede partiyalardın’ rezervleri bolg’an jaslar menen islesiw ma’selesinede itibar qaratıldı.

Partiya fraktsiyalarının’ joqarı siyasiy ha’m ilimiy-intellektuallıq potentsialı parlamenttin’ Nızamshılıq palatasındag’ı partiya fraktsiyaları iskerligin aktivlestiriw boyınsha jumıslar «Ma’mleketti basqarıwdı jan’alaw ha’m ja’nede demokratiyalastırıw ha’mde ma’mleketti modernizatsiyalawda siyasiy partiyalardın’ rolin ku’sheytiw haqqında»g’ı O’zbekstan Respublikası Konstitutsiyalıq Nızamının’ jan’a normaların orınlawda jan’asha qatnastı na’zerde tutıwshı sho’lkemlestiriw tayarlıg’ında o’zinin’ ko’rinisin taptı. Bul jumıslardı amelge asırıw boyınsha siyasiy partiyalardın’ Programmalıq wazıypaları islep shıg’ıldı. Onda partiyalar, partiya fraktsiyaları ha’m gruppalarının’ roli ha’m juwapkerligin asırıw, Oliy Majlis Nızamshılıq palatasındag’ı partiya fraktsiyalarının’, xalıq deputatları oblastlıq Ken’esi ha’m Tashkent qalası Ken’esindegi partiyalıq deputatlıq gruppalarının’ jumısların sho’lkemlestiriw ha’m olardı ideologiyalıq bekkemlew na’zerde tutılg’an. Bul jumıslardı a’melge asırıwda partiya fraktsiyaları teren’ analitikalıq islerdi alıp bardı ha’m deputatlar gruppaları jumısların aktivlestiriw, bul tarawdag’ı jumıslardı sho’lkemlestiriw – metodikalıq

[26] Жалменов У.А, Жураев С.А, Коренев И.А. Узбекистан: модернизация и развитие политической системы. «Академия», Ташкент, 2009 год.

ta'miyinlew, jaylarda partiya sho'lkemleri jumısların sho'lemlestiriw-texnologiyalıq ta'repten qollap-quwatlaw boyınsha anıq ilajlar islep shıg'ıldı[27].

«Ma'mleketti basqarıwdı jan'alaw h'a'm ja'nede demokratiyalastırıw h'a'mde ma'mleketti modernizatsiyalawda siyasiy partiyalardın' rolin ku'sheytiw h'aqqında»g'ı O'zbekstan Respublikası Konstitutsiyalıq Nızamına muwapıq Nızamshılıq palatasındag'ı siyasiy partiyalar fraktsiyaları basshıları Nızamshılıq palatası Spikerinin' orınbasarları etip saylandı, bul bolsa siyasiy partiyalar ha'm olardın' fraktsiyalarının' siyasiy maydandag'ı abırayın, statusın sezilerli da'rejede ko'terdi. Deputatlıq korpusının' siyasiy keypiyatındada anag'urılım o'zgerisler ju'zege keldi: endilikte ha'r bir fraktsiyanın' palata Kengash Qararları ha'mde ulıwma Nızamshılıq palatasındag'ı is na'tiyjeleri ushın juwapkershiligi elede ku'sheydi, ku'sheyip barmaqta.

Sonın' menen birge Nızamshılıq palatasındag'ı partiya fraktsiyaları ag'zaları Konstitutsiyalıq Nızam ha'm ja'miyetti demokratiyalastırıw, partiya qurılısının' aktual problemalarına bag'ıshlang'an seminarlar, xalıqaralıq konferentsiyalarda belsene qatnasıp atır. Ma'selen, «Demokratiyalıq institutlar ha'm protsesslerdin' rawajlanıw jag'dayı ha'm keleshegi: O'zbekstan h'a'm Rossiya ta'jriybesi», 2007 jılı fevralda «O'zbekstan demokratiyalıq reformalar jolında», aprel ayında «Ma'mleketti basqarıwdı jan'alaw h'a'm ja'nede demokratiyalastırıw ha'mde ma'mleketti modernizatsiyalawda siyasiy partiyalardın' rolin ku'sheytiwdin' h'uqıqıy tiykarları», «Sotsiallıq-siyasiy jan'alanıwdın' ha'zirgi zaman ta'jriybesi h'a'm turaqlılıqtı ta'miyinlew ma'seleleri» atamasındıg'ı bir qatar xalıqaralıq «do'n'gelek stollarda», «Demokratiyalıq rawajlanıw ha'm qa'wipsizlikti ta'miyinlew ma'seleleri», sentyabrde «O'zbekstanda puxaralıq ja'miyetti qa'liplestiriw: jag'dayı, erisilgen tabısları ha'm keleshegi», «Demokratiyalıq rawajlanıw: qa'wipsizlik, insan huqıqları, keleshek ushın birge islesiw», «Milliy rawajlanıwda ma'deniy faktorlardın' roli» dep atalıwshı ko'plegen xalıqaralıq konferentsiyalarda qatnastı ha'm olarda Konstitutsiyalıq Nızamnın' mazmun-

[27] Жалменов У.А, Жураев С.А, Коренев И.А. Узбекистан: модернизация и развитие политической системы. «Академия», Ташкент, 2009 год.

ma’nisin ha’mde normaları boyınsha o’zlerinin’ bayanatları menen partiyalar h’a’m milliy ekspertler sıpatında qatnastı.

Bugingi ku’n haqıyqatlıg’ı, qılınıp atırg’an isler, olardın’ da’slepki na’tiyjeleri bul nızam hu’jjetinin’ aldına qoyılg’an maqsetlerge erisiwin tolıq da’lillemekte. Bul Nızam Prezidentimizdin’ ja’ne bir ma’rte siyasiy boljawshılıg’ının’ durıs ekenin, aldımızdıg’ı Ullı O’zbekstan da’rejesine erisiwimizdin’ kepili ekenin ko’rsetpekte[28].

Usılardan kelip shıqqan h’alda O’zbekstannın’ g’a’rezsizlik jıllarında qa’liplesken siyasiy – partiyalıq sistemasında ko’ppartiyalıqtın’ ju’zege kelgenin ha’mde 2009 jılg’ı saylaw mapazına anıq belgilengen siyasiy maqset ha’m platformalarına iye bolg’an to’rt siyasiy partiya qatnastı, na’tiyjede parlamenttin’ to’mengi palatasında o’z orınlarına iye boldı.

## § 2. O’zbekstandag’ı siyasiy partiyalardın’ maqsetleri, ideyalıq negizleri h’a’m bu’gingi do’retiwshilik ta’jriybeleri.

Siyasiy ta’jriybe arttırıw ha’m siyasiy jetiklikke erisiw, en’ a’hmiyetlisi, finanslıq g’a’rezsizlik, ja’miyette o’z ornın tabıw, o’zinin’ turaqlı elektoratına tayanıw – bul, gumansız, bu’gingi ku’nde siyasiy palatforması ha’m bag’darınan qattı na’zer, ma’mleketimizde barlıq partiyalardın’ basıp o’tken jolı[29].

Ko’ppartiyalıq – demokratiyalıq ja’miyettin’ za’ru’rli jag’dayı bolıp, ol ha’kimiyatqa bir partiyanın’ monopoliyasın sheklegen halda, alternativlik oylaw ha’m h’a’reketlerin adamlardın’ sanasına ha’m a’meliyatına engizedi. Siyasiy partiyalar – ma’mleketlik h’a’kimiyatqa nızamlı jol menen erisken h’alda, o’z siyasiy bag’darlaması tiykarında ja’miyettin’ ma’pleri menen o’zlerinin’ ma’plerin uyg’ınlastırıp erisiw maqsetin ilgeri su’rgen bir pikirdegi h’a’m maqsette birlesken sho’lkemlesken adamlar topar. Ha’r qanday partiyanın’ baslı wazıypası - ma’mleketlik ha’kimiyatqa nızamlı usıllıar menen erisken halda o’z siyasiy

[28] Жалменов. У.А. Политические партии и вопросы повышения политической активности электората, обеспечения демократических выборов в представительные органы власти. Материалы международного круглого стола «Политические партии и выборы: мировая практика и законодательство Узбекистана» (г.Ташкент, 29-30 сентября 2009 года), «Академия», Ташкент 2009.

[29] Жалменов У.А, Жураев С.А, Коренев И.А. Узбекистан: модернизация и развитие политической системы. «Академия», Ташкент, 2009 год.

programmalarının' strategiyalıq maqsetlerin a'melge asırıwı. Siyasiy partiyalardın' strategiyalıq maqsetleri olardın' partiyalıq programmasında o'z sa'wlesin tapqan olardın' ideologiyalıq platformasının' sostav bo'legi bolıp, olar o'z ishine keleshektin' obrazı, bu'gingi jag'day ha'mde sol keleshekke erisiw quralın qamtıp aladı.

Keleshek obrazı – siyasiy partiyalar erisiwge umtılg'an tiykarg'ı strategiyalıq maqset bolıp, onda partiyanın' arzıw etken ha'm qa'lewi menen bolıwı kerek bolg'an ma'mleket h'a'm ja'miyettin' jag'dayı byanlanadı. Hr qanday siyasiy partiyanın' baslı wazıpası - ma'mleketlik nızamshılıq ha'm atqarıw ha'kimiyatın iyelew arqalı ja'miyet ha'm ma'mleketti o'zleri arzıw etken jag'dayg'a jetkeriw. Birinshi gezekte siyasiy partiyalar nızamshılıq h'a'kimiyatında ko'pshilik orıng'a iye bolg'an parlamenttegi fraktsiyaları arqalı nızam do'retiw protsessii arqalı atqarıw ha'kimiyatına o'z ta'sirin o'tkeriw, partiya bag'darlamasına say bolg'an siyasiy ha'm sotsial-ekonomikalıq qararlardın' qabıl etiliwine ta'sir etiw, atqarıw ha'kimiyatın qadag'alaw arqalı nızamlardın' buljıtpay oryanlanıwına erisiw[30].

Ko'p partiyalılıq sharayatında siyasiy partiyalardın' ideologiyası ha'm milliy g'a'rezsizlik ideyası qa'diriyatlarının' ha'zirgi demokratiyalıq ja'miyet qa'diriyatları menen uyg'ınlasıwı respublikamızdın' keleshekte ja'nede rawajlanıwı, ja'ha'n ja'miyetshiligine qosılıwı ha'mde onda o'zinin' girewli ornına iye bolıwındag'ı a'h'miyetli faktorlardan biri esaplanadı. Bu'gingi ku'nde ja'miyetimizdegi siyasiy maydanda ku'shli siyasiy ba'sekilik qa'liplesken bolıp, siyasiy partiyalar bul maydanda partiyalıq ideologiyasının' artıqmashılıg'ı ha'm siyasiy iskerligi na'tiyjeliliginin' joqarılıg'ı menen demokratiyalastırıw ha'm modernizatsiyalaw protsessinde ulken rol oynaydı.

O'zbekstannın' siyasiy – partiyalıq sistemasındag'ı siyasiy partiyalardın' ideologiyalıq platformaları ha'm siyasiy ideologiyasındag'ı tiykarg'ı maqset ha'm ideyalarının' analizin ko'rip shıg'ıw maqsetke muwapıq boladı.

---

[30] Жалменов У.А, Жураев С.А, Коренев И.А. Узбекистан: модернизация и развитие политической системы. «Академия», Ташкент, 2009 год.

**1. O’zbekstan «Adolat» sotsial-demokratiyalıq partiyası** 1995 jılı siyasiy maydang’a kirip kelgen. Partiya ag’zalarının’ sanı **83** mın’ adamnan artıq. Partiyanın’ bas maqseti ma’mleketimiz g’a’rezsizligin bekkemlew, ekonomikalıq ha’m siyasiy reformalardı jedellestiriw, adolatlı, demokratiyalıq, huqıqıy ma’mleket ha’m puxaralıq ja’miyettti qa’liplestiriw, xalıq aralıq maydanda O’zbekstannın’ abırayın bekkemlewde mu’na’sip u’les qosıw. «Adolat» SDP adalatlıq printsiplerine muwapıq h’a’m tiykarlang’an halda xalıqtın’ orta da’rmiyan ha’m kem ta’miyinlengen qatlamlarına tayanadı, olardın’ siyasiy ha’m sotsiallıq ma’plerin bayanlawg’a ha’mde sotsiallıq qorg’awg’a umtıladı.

Keyingi waqıtları partiya iskerliginde ko’p o’zgerisler ju’z berip atır. 2005 jılı ulıwma partiyalıq konferentsiyasında ««Adolat» SDPnın’ 2006-2009 jıllardag’ı h’a’reket Bag’darlaması» qabıl qılındı. Sonday aq keyingi parlament saylawlarınan keyin jan’a h’a’reket bag’darlaması qabıl qılıng’anı partiya iskerligin jan’a sapalıq basqıshlarg’a ko’tergenin aytıp o’tiw maqsetke muwapıq boladı. Bul bag’darlamada bu’gingi ku’nnin’ aktual ma’seleleri belgilenip alındı ha’mde partiya sho’lkemlerinin’ ma’mlekette a’melge asırılıp atırg’an sotsiallıq-siyasiy ha’m ekonomikalıq reformalar boyınsha tiykarg’ı iskerlik bag’darları belgilenip alındı.

«Adolat» sotsial - demokaratiyalıq partiyasının’ tiykarg’ı bag’darlarının’ o’zgesheligi – bu olardın’ innovatsiyanı rawajlandırıwdı ilgeri su’riwinde ko’rinedi. Usı ideyadan kelip shıqqan halda innovatsiyag’a ha’m jan’a texnologiyag’a tiykarlang’an ekonomikanı rawajlandırıw arqalı milliy ideyamızdag’ı tiykarg’ı maqsetlerge erisiwde o’z iskerligin belsene alıp barmaqta.

Ha’zirgi waqıtta partiya 14 oblastlıq Ken’es, 185 qala ha’m rayon Ken’eslerinde, 2 800 den artıq baslang’ısh partiya sho’lkemlerinde jumıslardı muwapıqlastırg’an h’alda iskerligin alıp barıp atır. Partiya ag’zalarının’ sanı 2011 jılda 7043 ag’zag’a, yag’nıy 8,4 % o’sti.

Partiyanın’ iskerligi keyingi eki jılda ju’da tez pa’t penen rawajlanbaqta.

O’zbekstan «Adolat» sotsial-demokratiyalıq partiyası O’zbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatasında 19 ag’zadan ibarat o’z

fraktsiyası arqalı siyasiy bag’darlamasının’ jumısların alıp barmaqta. «Adolat» sotsial-demokratiyalıq partiyası fraktsiyası O’zbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatasında parlament Demokratiyalıq blogına kiredi.

Sonday aq O’zbekstan «Adolat» sotsial-demokratiyalıq partiyasının’ Qaraqalpastan Respublikası Joqarg’ı Ken’esi ha’m Xalıq deputatları oblastlıq, qalalıq ha’m rayonlıq Ken’eslerindegi deputatlar korpusı ulıwma deputatlardın’ 8,7 % qurag’an halda o’z iskerligin alıp barmaqta. Partiyanın’ deputatlıq gruppaları 83 xalıq deputatlarının’ qalalıq ha’m rayonlıq Ken’eslerinde o’z iskerligin alıp barmaqta. Partiya deputatlarının’ wa’killiligi ulıwma xalıq deputatlarının’ qalalıq h’a’m rayonlıq Ken’eslerinde 7 % qurasada, ma’lim da’rejede partiyanın’ siyasiy maqsetleri bag’darında o’z iskerligin alıp barmaqta[31].

**2. O’zbekstan «Milliy tiklanish» demokratiyalıq partiyası** O’zbekstan «Milliy tiklanish» demokratiyalıq partiyası siyasiy maydanda 2008 jıldan beri iskerligin alıp barmaqta. 2008 jılı 20 iyunda O’zbekstan «Fidokorlar» demokratiyalıq partiyası (1998) h’a’m «Milliy tiklvnish» partiyaları (1995) birlesiwi (jan’a Programma h’a’m ustav qabıl etken h’alda) tiykarında payda bolg’an jan’a partiya. («Fidokorlar» demokratiyalıq partiyası 2000 jılı 14 aprelde «Vatan tarqqiëti» partiyası menen birlesken edi). Partiya ag’zalarının’ sanı 123 mın’nan artıq. Partiyanın’ bas maqseti – Jurt tınıshlıg’ı, Watan keleshegi, xalıq abadanlıg’ı ideyalarının’ a’tirapında sotsiallıq-siyasiy ku’shlerdi birlestiriw. Milliy tikleniw ideyaların a’melge asırıw arqalı «Watan-bir shan’araq», ku’shli demokratiyalıq ma’mleket, milliy qa’diriyatlar, ilimiy-texnikalıq progress h’a’m integratsiya, milliy g’a’rezsizlikke tolıq erisiwdi ta’miyinlew. Milliy g’a’rezsizlik h’a’m milliy tikleniw ideyalarınan azıqlanadı. Tiykarınan ziyalılarg’a su’yenedi. Basqa siyasiy partiyalardan parqlı da’rejede millet, milliy qa’diryatlardı saqlaw h’a’m rawajlandırıw, milliy islep shıg’arıwshılardı h’a’r ta’repleme qollap quwatlawdı, insan ha’m Watan ma’plerin u’stem qoyatug’ın, ullı dep bilgen puxaralardı birlestiredi. Ko’p milletli partiya.

[31] «Адолат» газетасының материалларынан. 2010-2012 жж.

O’zbekstan «Milliy tiklanish» demokratiyalıq partiyası 14 oblastlıq Ken’es, 185 qala ha’m rayon Ken’eslerinde, 3800 den artıq baslang’ısh partiya sho’lkemlerinde jumıslardı muwapıqlastırg’an h’alda iskerligin alıp barıp atır.

Partiyada 58 mın’nan artıq hayal-qızlar (47,5 %), 58 mın’nan artıq 30 jasqa shekemgi jaslar(47,3 %), solardan 52 mın’nan artıg’ı ta’lim tarawının’ wa’killeri (42,7 %), 16 mın’nan artıg’ı den-sawlıqtı saqlaw tarawının’ (13,6 %), 6 mın’nan artıg’ı ja’miyetlik sho’lkemlerdin’ (5,2 %), 6 mın’nan artıg’ı ma’deniyat tarawının’ (5,3 %) wa’killeri quraydı, partiya ag’zalarının’ 49 mın’nan artıg’ı joqarı bilimge iye, ilimiy da’rejege iye ag’zaları 0,5 % quraydı. Partiyanın’ intellektual potentsialı ju’da joqarı. Partiyanın’ iskerligi jan’a siyasiy texnologiyalarg’a tiykarlang’an halda ju’da tez pa’t penen rawajlanbaqta. Ayrıqsha da’rejede, kadrlar menen, jaslar menen, h’ayal-qızlar menen jumıs alıp barıwdın’ h’a’r qıylı jan’a texnologiyalıq usılları h’a’mde formaların ken’ qollang’an h’alda joqarı na’tiyjeli jumıslardı o’z elektoratı arasında maqsetke muwapıq a’melge asırmaqta.

O’zbekstan «Milliy tiklanish» demokratiyalıq partiyası O’zbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatasında 31 ag’zadan ibarat o’z fraktsiyası arqalı siyasiy bag’darlamasının’ jumısların alıp barmaqta. Ayrıqsha da’rejede aytatug’ın na’rse, fraktsiya ag’zaları az bolsada, biraq ko’pshiligi o’zinin’ siyasiy pozitsiyası menen respublikamız ko’leminde tanılg’an shaxslardan. Sonday aq, o’tken shaqırıqta bes jalda deputatlıq baslama tiykarında 14 nızam joybarların parlamentke kirgizgen bolsa, bul shaqırıqtın’ tek eki jılında 15 ten artıq nızam joybarların deputatlıq baslama tiykarında parlamentke kirgizgen. Sonın’ menen birge nızamlardın’ orınlanıwın qadag’alaw, parlament sorawları ha’mde parlament esitiwlerin sho’lkemlestiriwde belsendiligi menen ko’zge tu’spekte. «Milliy tiklanish» partiyası fraktsiyası O’zbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatasında parlament Demokratiyalıq blogına kiredi.

Sonday aq O’zbekstan «Milliy tiklanish» milliy demokratiyalıq partiyasının’ Qaraqalpastan Respublikası Joqarg’ı Ken’esi ha’m Xalıq deputatları oblastlıq, qalalıq h’a’m rayonlıq Ken’eslerindegi deputatlar korpusı ulıwma deputatlardın’ 17,5 % qurag’an h’alda (1 mın’nan artıq deputatları bar) o’z iskerligin alıp

barmaqta. Partiyanın' deputatlıq gruppaları 134 xalıq deputatlarının' qalalıq ha'm rayonlıq Ken'eslerinde o'z iskerligin alıp barmaqta. Partiya deputatlarının' wa'killiligi ulıwma xalıq deputatlarının' qalalıq ha'm rayonlıq Ken'eslerinde 15,2 % qurag'an h'alda partiyanın' siyasiy maqsetleri bag'darında o'z iskerligin alıp barmaqta[32].

**3. Tadbirkorlar va ishbilarmanlar harakati – O'zbekstan liberal-demokratiyalıq partiyası (UzLiDep)** 2003 jılı siyasiy maydang'a kirip kelgen. Partiya ag'zalarının' sanı 180 mın'nan artıq. Ha'zirgi waqıtta partiya 14 oblastta, sonday aq 185 qala ha'm rayonlarda 8 mın'nan artıq baslang'ısh partiya sho'lkemlerinde jumıslardı muwapıqlastırg'an h'aldag'ı iskerligin alıp barıp atır. UzLiDep mu'lkdarlar klassı, kishi biznes, fermer ha'm diyxan xojalıqları, islep shıg'arıw basqarıwdag'ı joqarı kvalifikatsiyalı qa'nigeler h'a'mde isbilermen kisilerdin' ma'plerin bayanlaydı ha'm qorg'aydı. Sonın' ushında partiya ag'zalarının' 60% isbilermenler, fermerler, jeke sektor wakilleri quraydı, qalg'an ag'zaları basqa qatlamlardan.

Partiyanın' bas maqseti - ma'mlekettin' rawajlanıwı, xalıq abadanshılıg'ı, shaxs erkinligi h'a'm olardın' ha'r tarepleme rawajlanıwı ushın sotsiallıq bag'darlang'an bazar ekonomikasına tiykarlang'an demokratiyalıq h'uqıqıy ma'mleket ha'm puxaralıq ja'miyetti liberal-demokratiyalıq ideyalarg'a su'yengen h'alda qurıw.

Ha'zirgi waqıtta partiya 14 oblastlıq Ken'es, 185 qala ha'm rayon Ken'eslerinde jumıslardı muwapıqlastırg'an h'alda iskerligin alıp barıp atır.

Tadbirkorlar va ishbilarmanlar harakati – O'zbekstan liberal-demokratiyalıq partiyası (UzLiDep) O'zbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatasında 54 ag'zadan ibarat o'z fraktsiyası arqalı siyasiy bag'darlamasının' jumısların alıp barmaqta. Tadbirkorlar va ishbilarmanlar harakati – O'zbekstan liberal-demokratiyalıq partiyası fraktsiyası parlamenttegi en' iri partiya fraktsiyalarınan bolıp tabıladı.

---

[32] «Миллий тикланиш» газетасының материалларынан. 2010-2012 жж.

Sonday aq O'zbekstan liberal-demokratiyalıq partiyasının' Qaraqalpastan Respublikası Joqarg'ı Ken'esi ha'm Xalıq deputatları oblastlıq, qalalıq ha'm rayonlıq Ken'eslerindegi deputatlar korpusı ulıwma deputatlardın' 40,5 % qurag'an halda o'z iskerligin alıp barmaqta. Partiyanın' deputatlıq gruppaları 185 xalıq deputatlarının' qalalıq ha'm rayonlıq Ken'eslerinde o'z iskerligin alıp barmaqta. Partiya deputatlarının' wa'killiligi ulıwma xalıq deputatlarının' qalalıq ha'm rayonlıq Ken'eslerinde 35,1 % qurag'an halda partiyanın' siyasiy maqsetleri bag'darında o'z iskerligin alıp barmaqta[33].

Tadbirkorlar va ishbilarmanlar h'arakati – O'zbekstan liberal-demokratiyalıq partiyası fraktsiyası parlamenttegi en' iri partiya fraktsiyalarınan bolıp tabıladı. UzLiDep baslaması menen «Fidokorlar» milliy demokratiyalıq partiyası ha'm «Adolat» sotsial-demokratiyalıq partiyası fraktsiyaları menen birgelikte O'zbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatasında pallament Demokratiyalıq blogın du'zedi.

**4. O'zbekstan xalıq demokratiyalıq partiyası** 1991 jılı siyasiy maydang'a kirip kelgen. 2006 jılı O'zXDPnın' 5 sezdi qararına muwapıq partiya ag'zaları qaytadan dizimnen o'tkerildi. Partiya ag'zalarının' sanı 360 mın'nan artıq, solardan 85 % 1992-2006 jıllar aralıg'ında ag'za bolg'anlar. Ko'p milletli partiya.

O'zbekstan xalıq demokratiyalıq partiyası O'zbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatasında 32 ag'zadan ibarat o'z fraktsiyası arqalı siyasiy bag'darlamasının' jumısların alıp barmaqta. Partiya fraktsiyası sol siyasiy platforma tiykarında iskerligin alıp barıp atır. Fraktsiya 2005 jılı o'zlerin parlament oppozitsiyasındag'ı fraktsiya dep ja'riyalag'an.

O'zbekstan xalıq demokratiyalıq partiyası ku'shli partiyalıq infrastrukturag'a iye bolg'an partiya. Keyingi waqıtta barlıq jerlerde aktivligi ku'sheyip barmaqta.

Partiyanın' bas maqseti - ha'r bir shan'araq ha'm miynet etiwshi adamnın', milleti, dini, siyasiy ko'z-qarası, sotsiallıq jag'dayı ha'm kelip shıg'ıwınan qattı na'zer tınısh turmıs keshiriwin, konstitutsiyalıq h'uqıq h'a'm erkinliklerin isenimli

[33] «XXI аср» газетасының материалларынан. 2010-2012 жж.

qorg'awdan ibarat, ku'shli h'uqıqıy demokratiyalıq ma'mleket, adalatlı ja'miyet qurıw, O'zbekstan xalqının' gu'llep jasnawın ta'miyinlewshi du'zimge iye ja'miyet qurıwdı maqset etip qoyg'an.

Sonday aq O'zbekstan xalıq demokratiyalıq partiyasının' Qaraqalpastan Respublikası Joqarg'ı Ken'esi ha'm Xalıq deputatları oblastlıq, qalalıq ha'm rayonlıq Ken'eslerindegi deputatlar korpusı ulıwma deputatlardın' 31,8 % qurag'an halda o'z iskerligin alıp barmaqta. Partiyanın' deputatlıq gruppaları 185 xalıq deputatlarının' qalalıq h'a'm rayonlıq Ken'eslerinde o'z iskerligin alıp barmaqta. Xalıq deputatlarının' qalalıq ha'm rayonlıq Ken'eslerinde deputatlıq korpusının' sanı boyınsha O'zbekstan xalıq demokratiyalıq partiyası birinshi orında turadı. Partiya deputatlarının' wa'killiligi ulıwma xalıq deputatlarının' qalalıq ha'm rayonlıq Ken'eslerinde 41 % qurag'an halda (2179 deputat) partiyanın' siyasiy maqsetleri bag'darında o'z iskerligin alıp barmaqta[34].

Milliy g'a'rezsizlik ideyası ma'mleketimiz g'a'rezsizligin bekkemlew, jurtımızda azat ha'm abat Watan, erkin ha'm pa'rawan turmıs qurıwg'a xızmet etetug'ın ideologiya haqqında bir pu'tin ha'm izshil ta'liymat. Bul ta'liymat o'z tu'sinik ha'm printsiplerine, tariyxıy negizleri, ilimiy, filosofiyalıq, du'nyalıq ha'm diniy tamırlarg'a iye belgili bir tariyxıy za'ru'rlik birligi bolg'an teoriya sıpatındada na'zerde tutıladı. Ol teoriya sıpatında ja'miyetlik h'aqıyqatlıqtın' ko'rinisi ta'rizinde ju'zege shıg'adı, o'zini ta'n qa'liplesiw nızamları ha'm o'zgesheliklerine iye bolg'an ulıwma milliy h'a'diyse esaplanadı.

Al ja'miyetimizdin' sotsiallıq-siyasiy turmısında siyasiy partiyalardın' ornı ha'm roli milliy g'a'rezsizlik ideologiyasın qa'liplestiriwde, olardın' ideologiyalarının' milliy g'a'rezsizlik ideyamız mazmunındag'ı qa'diriyatlar menen uyg'ınlasıwı, olardı sa'wlelendiriwi, bulardın' barlıg'ı, jamiyetimizdi elede demokratiyalastırıw h'a'm modernizatsiyalastırıwda partiyalardın' ayrıqsha girewli ornına iye ekenligin an'latadı. Siyasiy partiyalardın' maqset ha'm ideologiyalıq platformalarının', ideyalarının' analizi, olardın' ja'miyetimizdin' siyasiy sistemasının' aktiv elementi sıpatında, gruppalıq ma'plerdin' ulıwma milliy

[34] «Ўзбекистон овози», «Голос Узбекистана» газеталарының материалларынан. 2010-2012 жж.

ma'pler menen uyg'ınlasıwın ta'miyinlewshi siyasiy institutlardan biri ekenligin ko'rsetpekte[35].

Siyasiy partiyalar o'zlerinin' siyasiy maqsetlerine erisiwde nızamlı jol menen ha'kimiyattın' mexanizmlerin iyelegen h'alda, partiyalıq ideologiyasında o'z sa'wlesin tapqan milliy g'a'rezsizlik ideyamız aldındag'ı ullı maqsetlerge erisiwdi ta'miyinlewshi birden – bir siyasiy sho'lkemlesken ku'shlerden.

Ha'kimiyat ja'miyetdegi ekonomikalıq ha'mde sotsiallıq problemalardın' sheshimin beriw, puxaralardın' materiallıq ha'm ruwxı talapların qanaatlandırıw ushın sha'rayatlar jaratıw za'ru'r. Bul bolsa ja'miyet ha'm puxaralar aldındag'ı wakillikti ha'm juwapkershilikti o'zinde ja'mlestirgen siyasiy partiya fraktsiyalarının', ulıwma siyasiy partiyalardın' na'tiyjeli siyasatın alıp barıw arqalı ju'zege shıg'adı.

Sonın' ushında h'a'kimiyat wa'killilik organların qa'liplestiriwde siyasiy partiyalar ushın za'ru'r sho'lkemlesiw-h'uqıqıy sha'rayatlardı jaratıw, olarda siyasiy partiyalar ha'm deputatlar gruppalarının' o'z programmalıq maqsetlerinen kelip shıqqan halda qatnasıwın ku'sheytiwshi faktorg'a itibardı qaratıw, ma'mleket parlamentinde o'z wa'killerine iye bolg'an siyasiy partiyalardın' o'z elektoratı aldında esap beriwin ta'miyinleytug'ın na'tiyjeli h'uqıqıy mexanizmlerdi jaratıw Konstitutsiyalıq Nızamının' baslı maqsetlerinen esaplanadı[36].

Prezidentimiz ko'rsetkenindey «Bizin' en' ullı maqsetimiz, en' ullı ideyamız sonday, O'zbekstannın' bir jolı bar: g'a'rezsizlikti bekkemlep, ma'mleketimizdi ha'r ta'repleme rawajlandırıp, jarqın ha'm erkin turmısqa qaray alg'a ilgerilew.

İdeologiyamız, tutqan jolımız, bar ku'sh-g'ayratımız a'ne usı ullı niyetti a'melge asırıwg'a bag'darlanıwı kerek. Xalqımızdı, jurtımızdag'ı barlıq siyasiy ku'shlerdi, ma'mleketlik emes sho'lkemlerdi jalg'ız ullı maqset do'gereginde birlestiretug'ın bir ta'n, bir jan qılatug'ın milliy ideya tiykarınan usı bolıp tabıladı»[37].

---

[35] Жалменов У.А, Жураев С.А, Коренев И.А. Узбекистан: модернизация и развитие политической системы. «Академия», Ташкент, 2009 год.

[36] Жалменов У.А, Жураев С.А, Коренев И.А. Узбекистан: модернизация и развитие политической системы. «Академия», Ташкент, 2009 год.

[37] Каримов И. А. «Юксак маънавият – енгилмас куч». Тошкент, «Маънавият» 2008, 76 бет.

Bugingi ku’n haqıyqatlıg’ı, qılınıp atırg’an isler, olardın’ da’slepki na’tiyjeleri aldımızg’a qoyılg’an maqsetlerge erisiwimizdi tolıq da’lillemekte. Bul Prezidentimizdin’ ja’ne bir ma’rte siyasiy boljawshılıg’ının’ durıs ekenin, Ullı O’zbekstan da’rejesine erisiwimizdin’ kepili ekenin ko’rsetpekte[38].

O’zbekstanda h’a’kimiyattın’ juwapkershiligin ja’nede jetilistiriw boyınsha aktiv protsessler keshpekte. Bul ma’mleketimiz h’a’kimiyat sistemasın zamang’a say jetilistiriw forması, onı demokratiyalastırıwdın’ real mexanizmi. Bul rawajlanıwdın’ h’uqıqıy bag’darın qabıl etken ma’mleketshiligimizdin’ ulıwma du’zilisinin’ jaratıwshılıq negizi. Ja’miyetti demokratiyalastırıwdın’ milliy modelinin’ basqıshpa-basqısh a’melge asırılıwının’, O’zbekstanımızdı qu’diretli, demokratiyalıq h’a’m abadan ma’mleketke aylandırıw.

Bul O’zbestannın’ rawajlanıwının’ siyasiy ha’m nızamlı negizi. Bu’gingi ku’nde barlıq siyachsiy partiyalardın’ siyasiy iskerligi tiykarında bolg’an, ja’miyetimizdin’ barlıq ag’zaların birlestiriwshi, ruwxlandırıwshı ha’mde xalqımız sanasına teren’ sin’ip kiyatırg’an baslı ideya – bul Ullı O’zbekistan ideyası. Ullı O’zbekstan bolıw - en’ da’slep tariyxıy berilgen geosiyasiy bolmıs, bizin’ xalqımızdın’ milliy birlik sıpatında abat ha’m azat turmıs keshiriwinin’ ma’selesi ekenligine teren’ iseniw[39].

Ma’mleketimiz rawajlanıwının’ ha’zirgi basqıshında mazmunı ha’m ma’nisi ta’repinen jan’a tiptegi parlamenttin’ ju’zege shıqqanı, birinshiden, tu’p ma’nisinde professional parlamentke o’tiw; ekinshiden, ma’mleketlik qurılıs ha’m siyasiy turmısımızda zamanago’y parlament u’rdis-da’stu’rlerin qa’liplestiriw ha’m ja’nede rawajlandırıw; u’shinshiden, ma’mleket ha’kimiyatının’ g’a’rezsiz tarmag’ı sıpatında nızam shıg’arıwshı h’a’kimiyattın’ h’uqıqıy statusın izbe-izlik

---

[38]Жалменов У.А. Технологический подход в демократическом обновлении и модернизации узбекского общества. Материалы международного круглого стола «Современный опыт общественно-политической модернизации и вопросы обеспечения стабильности» (г.Бухара, 20-21 апреля 2007 года), «Академия», Ташкент 2007, стр.74-82.

[39] Жалменов У.А. Технологический подход в демократическом обновлении и модернизации узбекского общества. Материалы международного круглого стола «Современный опыт общественно-политической модернизации и вопросы обеспечения стабильности» (г.Бухара, 20-21 апреля 2007 года), «Академия», Ташкент 2007, стр.74-82.

penen bekkemlew ha’m solay etip ha’kimiyatlar bo’liniwi printsipin a’melge asırıw mexanizmlerin ja’nede jetilistiriw imka’niyatın bermekte[40].

O’zbekstan Respublikasında nızamshılıq h’a’kimiyatının’ ta’sirin ha’m rolin ku’sheytiw, ma’mleketlik qurılıs ha’m basqarıw sistemasın jetilistiriw ja’miyetimizdin’ jan’alanıw ha’m elede demokratiyalastırıw jolında elimizdi reformalastırıwdın’ baslı bag’darlarınan bolıp, aldımızda turg’an strategiyalıq ma’selelerdi sheshiwde, jan’a ja’miyetti qurıwda, bas reformator bolg’an ma’mleketlik qurılıs ha’m basqarıw sistemasın jetilistiriwde ma’mlekettin’ institutların bu’gingi ku’nnin’ talaplarına juwap beretug’ın da’rejege jetkermey turıp tabısqa erisiw mu’mkin emes[41].

Ayrıqsha aytatug’ın na’rse, eki palatalı parlamenttin’ du’ziliwi tiykarında O’zbekstan Respublikasında nızamshılıq h’a’kimiyatı o’zinin’ rawajlanıwının’ jan’a basqıshına ko’terildi, xalıqtın’ ha’r qıylı qatlamlarının’ ma’plerin elede ken’irek ha’m tolıg’ıraq sa’wlelendire basladı, ma’mleketti basqarıwda elede na’tiyjeli qatnasa basladı. En’ baslısı nızam do’retiwshilik protsesstin’ quramalasıwına qaramastan qabıl etilip atırg’an nızamlardın’ sapası ju’da joqarı ko’terilip basladı. Sonday aq nızamshılıq aktlerin ha’m hu’jjetlerin qabıl etiwde siyasiy partiyalardın’ roli ku’sheydi.

Prezident İslam Karimov 2010 jılı 27 yanvarda O’zbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatası ha’m Senatının’ qospa ma’jilisinde Prezidentimiz «Bu’gingi ku’nde ma’mleket ha’m ja’miyet qurılısı salasında elimiz aldında o’zinin’ ko’lemi h’a’m qamtıwı boyınsha u’lken wazıypalar tur.

Jer ju’zilik finanslıq-ekonomikalıq dag’darıs elege deyin dawam etip atırg’an awır bir sharayatta ekonomikamızdın’ bunnan bılay da turaqlı rawajlanıwın ta’miyinlew, onı diversifikatsiyalaw ha’m modernizatsiyalaw,

[40] Жалменов У.А. Профессиональный парламент Узбекистана: опыт, роль партии и задачи. «Ўзбекистонда парламент институтининг ривожи ва истиқболлари: сиёсий, ҳуқуқий ва ташкилий жиҳатлари» илмий–амалий конференция материаллари (Тошкент, 15 апрель 2010 йил), Тошкент давлат шарқшунослик институти, 2010, 16-21 бетлар.

[41] Жалменов У.А. Профессиональный парламент Узбекистана: опыт, роль партии и задачи. «Ўзбекистонда парламент институтининг ривожи ва истиқболлари: сиёсий, ҳуқуқий ва ташкилий жиҳатлари» илмий–амалий конференция материаллари (Тошкент, 15 апрель 2010 йил), Тошкент давлат шарқшунослик институти, 2010, 16-21 бетлар.

o'ndiristi texnikalıq jaqtan qayta u'skenelew boyınsha islerdi izbe-iz dawam ettiriwimiz za'ru'r.

Regionımızda ha'm pu'tkil du'nyada ju'zege kelip atırg'an qıyın geosiyasiy sharayatta bizlerge elimizdin' qa'wipsizligin ha'm turaqlılıg'ın ta'miyinlew, usı muqaddes jerde hu'kim su'rip atırg'an tınısh-tatıw turmıstı saqlaw usag'an bir-birinen juwapkerli ja'ne ken' ko'lemli bir qatar wazıypalar bar, elimizdin', jannan a'ziz perzentlerimizdin' bu'gingi ha'm erten'gi ku'ni a'ne usı ma'selelerdi qanshelli tabıslı sheshiwimizge baylanıslı»[42] degen edi.

O'zbekstan Respublikası Prezidenti İ. A. Karimov Nızamshılıq palatası deputatları menen ushırasıwında «Bizin' milliy ideyamız bolsa jurt tınıshlıg'ı, Watan keleshegi, xalıq abadanshılıg'ı qusag'an ullı tu'siniklerdi o'z ishine alıwı, oylayman sizlerge jaqsı ayan. Ha'mmemizdin' maqsetimiz usı muqaddes ana jurtımızdın' tınıshlıg'ı h'a'm rawajlanıwın ta'miyinlew eken, ha'r birimiz o'z wazıypamızdı shın kewilden bejeriwimiz kerek» degen edi.[43]

O'zbekstan Respublikasının' Prezidenti İ. Karimov 2010 jıl 12 noyabrde Oliy Majlistin' Nızamshılıq palatası ha'm Senatının' qospa ma'jilisindegi bayanatında elimizdin' 2011 jılı ha'm keleshekte reformalastırıwdın', modernizatsiyalawdın' tiykarg'ı wazıypaları, sonın' menen birge ja'miyetti jan'alaw ha'm demokratiyalastırıwdın' anıq ja'ne teren' tiykarlang'an kontseptsiyasın ilgeri su'rdi.[44]

O'zbekstan Respublikası Prezidenti İ. Ka'rimovtın' «Ma'mleketimizde demokratiyalıq reformalardı ja'ne de teren'lestiriw ha'm puh'aralıq ja'miyetti rawajlandırıw kontseptsiyası» degen usı bayanatında «Jer ju'zlik masshtabta globallasıw ha'm ba'sekilesiw barg'an sayın ku'sheyip baratırg'an bu'gingi zamanda biz du'nyada ju'z berip atırg'an tu'pkilikli o'zgerisler barısında iyelep turg'an ornımızdı real ha'm sın ko'zqarastan bah'alawımız, barg'an sayın o'sip

---

[42] Елимизди модернизациялаў ҳәм күшли пуқаралық жәмийет қурыў - ең әҳмийетли мақсетимиз. Президент Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги баянаты. «Еркин Қарақалпақстан» - 2010-жыл 29-январь, Нөкис қаласы.

[43] Каримов И.А. «Парламент – жамият ҳаётининг кўзгиси». Тошкент, «Ўзбекистон», 2005.

[44] Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды жәнe де тереңлестириў ҳәм пуҳаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы. Президент Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги баянаты. «Еркин Қарақалпақстан» - 2010-жыл 14-ноябрь, Нөкис қаласы

baratırg'an turmıs talaplarına juwap beriwimiz, da'wir menen ten' qa'dem taslawımız sha'rt» dep ko'rsetken edi[45]..

Solay eken, erten'gi ku'n talaplarınan kelip shıg'a otırıp, ja'miyetimizdi ja'nede rawajlandırıwda izbe-iz h'a'reketlerimizdi analizley otırıp, olardı jan'a, ja'ne de joqarı basqıshqa ko'teriwimiz aktual ma'sele. Prezidentimiz «G'a'rezsizlik jıllarında basıp o'tken jolımız ha'm toplag'an ta'jiriybemizdi obektiv bah'alaw, qolg'a kirgizilgen joqarı jetiskenliklerimizdi tallaw ma'mleketimizdi evolyutsiyalıq h'a'm basqıshpa-basqısh rawajlandırıw boyınsha biz tan'lag'an modeldin' qanshelli tuwrı ekenligin h'a'm usı joldan bunnan bılay da qaytpay tabanlılıq penen barıwımız za'ru'rligin ayqın ko'rsetpekte» dep o'z bayanatında ko'rsetedi[46].

O'zbekstannın' 20 jıl g'a'rezsiz rawajlınıwı da'wirinde ekonomikanın' rawajlanıwı, xalıqtın' real da'ramatları 3,8 eseni qurag'anı, xalıqtı sotsiallıq qorg'aw ushın bag'darlang'an ma'mleket qa'rejetlerinin' 5 barabar ko'beygeni, turmıs da'rejesinin' sezilerli da'rejede jaqsılang'anı ha'm bunın' na'tiyjesinde analar h'a'm balalar o'limshiligi 2 esege kemeygeni, adamlardın' ortasha jası 67 jastan 73 jasqa jetkenligin ja'ne basqada unamlı o'zgerisler turaqlı rawajlanıp baratırg'an ekonomikag'a tiykarlang'an, ashıq demokratiyalıq h'uqıqıy ma'mleket qurıw, insan, onın' ma'pleri, h'uqıq h'a'm erkinlikleri so'z ju'zinde emes, al is ju'zinde joqarı qa'diriyat da'rejesine ko'terilgen, du'nya ju'zi ko'leminde abıray - ma'rtebege erisken ja'miyetti qurıw boyınsha biz o'z aldımızg'a qoyg'an joqarı maqsetlerge izbe – iz erisiwimizdin' ayqın mısalı boladı. Bunın' tastıyıg'ın ma'mleketimizdi reformalaw ha'm demokratiyalastırıw protsessi h'esh qashan artqa qaytpaytug'ın tabanlı h'a'm izbe-iz xarakter alg'anı, adamlarımız o'zgerip, olardın' siyasiy, puqaralıq belsendiligi artıp atırg'anı, oy-pikiri joqarılap,

---

[45] Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў хәм пухаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы. Президент Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы хәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги баянаты. «Еркин Қарақалпақстан» - 2010-жыл 14-ноябрь, Нөкис қаласы

[46] Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў хәм пухаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы. Президент Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы хәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги баянаты. «Еркин Қарақалпақстан» - 2010-жыл 14-ноябрь, Нөкис қаласы

a'tirapında bolıp atırg'an barlıq waqıya-h'a'diyselerge mu'na'sibeti, erten'gi ku'nge isenimi artıp baratırg'anının' mısalındada ko'riwge boladı.

Bu'gin O'zbekstan Respublikası Prezidenti İ. A. Karimov ta'repinen ilgeri su'rilgen, elimizdi reformalastırıw ha'm modernizatsiyalawdın' strategiyalıq bag'darlamanı ulıwma xalıqlıq qollap-quwatlaw, bizin' ko'p milletli xalqımızdın' erisiwi lazım bolg'an ullı maqseti-G'a'rezsiz O'zbekstan Respublikasında keleshegi ullı bolg'an a'dil demokratiyalıq ma'mleket, gu'llengen puxaralıq ja'miyet qurıwg'a belsene qatnasıwı za'ru'r boladı.

Prezidentimiz İ. Ka'rimov ta'repinen ilgeri su'rilgen «Ma'mleketimizde demokratiyalıq reformalardı ja'ne de teren'lestiriw ha'm puh'aralıq ja'miyetti rawajlandırıw kontseptsiya»sı, sonday aq usı elimizdin' rawajlanıwın jan'a sapalıq basqıshqa ko'teriw boyınsha programmalıq hu'jjet tiykarında Konstitutsiyamızg'a kirgizilgen o'zgerisler siyasiy partiyalardın', olardın' parlamenttegi fraktsiyalarının', ulıwma parlamenttin' h'a'mde jergilikli wa'killilik organlarının' juwapkershiligin asırıwdı zaman talabı da'rejesine alıp keldi. Konstitutsiyag'a kirgizilgen qosımshalar ha'm o'zgerisler siyasiy partiyalarg'a ken' imka'niyatlardın' h'uqıqıy bazasın rawajlandırdı.

Bu'gingi ku'nde Kontseptsiyanı a'melge asırıwda, sonday aq, jan'a siyasiy-h'uqıqıy ma'kanda partiyalardın' alıp barıp atırg'an jumıslarının' analizi to'mendegishe jwwmaq shıg'arıw imka'niyatın beredi.

**Birinshiden,** barlıq siyasiy partiyalar ushın bir turmıs haqıyqatlıg'ı, yag'nıy siyasiy pikirleri ju'da' obektiv, juwapkerlikli bolg'an, pu'tin bir ja'miyet ha'm anıq bir regionnın' turmısına baylanıslı problemalardın' sheshimin bere alatug'ın joqarı professional da'rejedegi insanlardın' da'wiri kelgenin ko'rsetti. Sonın' ushında partiyalar o'zlerinin' ishki sho'lkemlesiw problemalarına itibar qaratıp, usınday insanlardı siyasiy maydang'a shıg'arıw boyınsha jedel pa't penen o'z iskerligin alıp barmaqta.

**Ekinshiden,** jan'a huqıqıy tiykarlar partiyalar arasında siyasiy ba'sekilesiwdi, fraktsiyalarara gu'resti, jaylarda partiya deputatlıq gruppaları aralıq ba'sekelesiwdin' ku'sheyiwine alıp keldi. Sonday aq partiya apparatı jumısların

jetilistiriwde aktiv jumıslaralıp barılmaqta, partiya jumıslarında, olardı ideologiyalıq tiykarlawda baslang'ısh partiya sho'lkemleri menen birgelikte ko'plegen jumıslardı a'melge asırıp atır. Oliy Majlis Nızamshılıq palatasındag'ı partiya fraktsiyalarının' ag'zaları o'zlerinin' nızamshılıq huqıqlarınan, sonın' menen birge fraktsiyalar ha'm Ken'eslerdin' partiya gruppalarına berilgen jan'a h'uqıqlar tiykarında o'z jumısların aktivlestirip atır. Fraktsiya ag'zaları Nızamshılıq palatasında qabıl etilgen ma'mleketti siyasiy modernizatsiyalaw h'a'm ekonomikalıq reformalardı teren'lestiriwge qaratılg'an nızam joybarların tayaralawda h'a'm dodalawda belsendilik ko'rsetpekte, o'zlerinin' tiykarlang'an usınısların bermekte, olardın' ko'pshilikleri inabatqa alınbaqta.

**U'shinshiden,** siyasiy partiya fraktsiyaları partiyalardın' programmalıq wazıpaları h'a'm saylaw aldı platformasın a'melge asırıw boyınsha tu'rli da'rejedegi deputatlar gruppaları h'a'm partiyanın' jaylardag'ı sho'lkemleri menen o'z-ara birge islesiwinin' jan'a formaları h'a'm mexanizmlerin islep shıg'ıw, olardı jan'a siyasiy texnologilar tiykarında a'melge asırıw boyınsha jedel jumıslardı alıp barmaqta. Partiyalardın' deputatlıq gruppaları oblast, qala ha'm rayonlardın' sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlanıwı, ekonomikanın' ma'lim bir tarmaqların rawajlandırıw boyınsha jan'a joybarlardı usınbaqta.

**To'rtinshiden,** ha'zirgi ja'miyetimizdin' rawajlanıwı barlıq siyasiy partiyalar ja'miyetimizdi rawajlanıwdın' jan'a da'rejesine jetkeretug'ın mexanizmlerdin' biri sıpatında bolg'an milliy ideyamız - Jurt tınıshlıg'ı, Watan keleshegi, Xalıq abadanshılıg'ı qusag'an ullı tu'siniklerge say da'rejede muqaddes ana jurtımızdın' tınıshlıg'ı ha'm rawajlanıwın ta'miyinlewge bag'darlang'an do'retiwshilik ideyaların ha'm jan'a joybarların wa'killilik organlarının' barlıq da'rejesinde a'melge asırıw arqalı iskerliginin' jedellestiriliwi menen xarakterlenedi.

**Besinshiden,** en' baslısı, O'zbekstandag'ı siyasiy partiyalardın' ideologiyası, tiykarg'ı ideyaları, bu'gingi do'retiwshilik iskerligi bir ja'miyettin' ishindegi siyasiy partiyalar tek do'retiwshi ideyalardı a'melge asırıwshı subktler

sıpatında bola alatug'ının is ju'zinde da'lillegen halda partalogiya iliminde jan'asha betti ashtı, jan'a siyasiy ta'jriybeni is ju'zinde ko'rsetpekte.

## Juwmaq

Milliy g'a'rezsizlik ideyası ma'mleketimiz g'a'rezsizligin bekkemlew, jurtımızda azat ha'm abat Watan, erkin ha'm pa'rawan turmıs qurıwg'a xızmet etetug'ın ideologiya haqqında bir pu'tin ha'm izshil ta'liymat. Ja'miyetlik haqıyqatlıqtın' ko'rinisi ta'rizinde ju'zege shıg'atug'ın, o'zini ta'n qa'liplesiw nızamları ha'm o'zgesheliklerine iye bolg'an ulıwma milliy ha'diyse sıpatındag'ı milliy g'a'rezsizlik ideologiyasının' qa'liplestiriw ma'selesi o'zine jan'asha qatnastı talap etedi.

Milliy ideya - millettin', xalıqtın' tu'pkilikli ma'plerin sa'wlelendiretug'ın, olardın' o'z aldına qoyg'an maqsetlerine qaray birlestiretug'ın ha'm jollama beretug'ın ideya bolıp esaplanadı. O'z tariyxı ha'm rawajlanıwının' tu'p burılıs da'wirlerinde ha'r qanday millet ha'm xalıq keleshegin belgileydi, og'an jetiwdin' o'zine ta'n jolların tan'laydı.

Ja'miyetimizdin' sotsiallıq - siyasiy turmısında siyasiy partiyalardın' ornı ha'm roli milliy g'a'rezsizlik ideologiyasın qa'liplestiriwde, olardın' ideologiyalarının' milliy g'a'rezsizlik ideyamız mazmunındag'ı qa'diriyatlar menen uyg'ınlasıwı, olardı sa'wlelendiriwi, bulardın' barlıg'ı, jamiyetimizdi elede demokratiyalastırıw ha'm modernizatsiyalastırıwda partiyalardın' ayrıqsha girewli ornına iye ekenligin an'latadı. Siyasiy partiyalar o'zlerinin' siyasiy maqsetlerine erisiwde nızamlı jol menen ha'kimiyattın' mexanizmlerin iyelegen halda, partiyalıq ideologiyasında o'z sa'wlesin tapqan milliy g'a'rezsizlik ideyamız aldındag'ı ullı maqsetlerge erisiwdi ta'miyinlewshi birden – bir siyasiy sho'lkemlesken ku'shlerden.

Ko'p partiyalılıq sharayatında siyasiy partiyalardın' ideologiyası ha'm milliy g'a'rezsizlik ideyası qa'diriyatlarının' ha'zirgi demokratiyalıq ja'miyet qa'diriyatları menen uyg'ınlasıwı respublikamızdın' keleshekte ja'nede rawajlanıwı, ja'h'a'n ja'miyetshiligine qosılıwı h'a'mde onda o'zinin' girewli ornına iye bolıwındag'ı a'h'miyetli faktorlarınan biri. Bu'gingi ku'nde ja'miyetimizdegi siyasiy maydanda ku'shli siyasiy ba'sekilik qa'liplesken bolıp, siyasiy partiyalar bul maydanda partiyalıq ideologiyasının' artıqmashılıg'ı ha'm

siyasiy iskerligi na'tiyjeliliginin' joqarılıg'ı menen demokratiyalastırıw h'a'm modernizatsiyalaw protsessinde ulken rol oynaydı.

Ha'kimiyat ja'miyetdegi ekonomikalıq ha'mde sotsiallıq problemalardın' sheshimin beriw, puxaralardın' materiallıq h'a'm ruwxıy talapların qanaatlandırıw ushın sha'rayatlar jaratıw za'ru'r. Bul bolsa ja'miyet ha'm puxaralar aldındaqı wakillikti h'a'm juwapkershilikti o'zinde ja'mlestirgen siyasiy partiya fraktsiyalarının', ulıwma siyasiy partiyalardın' na'tiyjeli siyasatın alıp barıw arqalı ju'zege shıg'adı.

O'zbekstanda h'a'kimiyattın' juwapkershiligin ja'nede jetilistiriw boyınsha aktiv protsessler keshpekte. Bul ma'mleketimiz ha'kimiyat sistemasın zamang'a say jetilistiriw forması, onı demokratiyalastırıwdın' real mexanizmi. Bu'gingi ku'nde barlıq siyasiy partiyalardın' siyasiy iskerligi tiykarında bolg'an, ja'miyetimizdin' barlıq ag'zaların birlestiriwshi, ruwxlandırıwshı h'a'mde xalqımız sanasına teren' sin'ip kiyatırg'an baslı ideya – bul Ullı O'zbekistan ideyası. Ullı O'zbekstan bolıw - en' da'slep tariyxıy berilgen geosiyasiy bolmıs, bizin' xalqımızdın' milliy birlik sıpatında abat ha'm azat turmıs keshiriwinin' ma'selesi ekenligine teren' iseniw.

Sonın' ushında h'a'kimiyat wa'killilik organların qa'liplestiriwde siyasiy partiyalar ushın za'ru'r sho'lkemlesiw-h'uqıqıy sha'rayatlardı jaratıw, olarda siyasiy partiyalar h'a'm deputatlar gruppalarının' o'z programmalıq maqsetlerinen kelip shıqqan h'alda aktiv qatnasıwın ku'sheytiwshi faktorg'a itibardı qaratıw, ma'mleket parlamentinde o'z wa'killerine iye bolg'an siyasiy partiyalardın' o'z elektoratı aldında esap beriwin ta'miyinleytug'ın na'tiyjeli h'uqıqıy mexanizmlerdi jaratıw ja'miyetimizdi ja'nede demokratiyalastırıw ha'mde ma'mleketti modernizatsiyalawdag'ı baslı maqsetlerimizden.

O'zbekstan Respublikasının' Prezidenti İ. Karimov 2010 jıl 12 noyabrde Oliy Majlistin' Nızamshılıq palatası h'a'm Senatının' qospa ma'jilisinde elimizde reformalardı ja'nede teren'lestiriwdin', ma'mleketti modernizatsiyalawdın' tiykarg'ı wazıypaları, sonın' menen birge ja'miyetti jan'alaw ha'm demokratiyalastırıwdın' jan'a basqıshı anıq ja'ne teren'

tiykarlang'an «Ma'mleketimizde demokratiyalıq reformalardı ja'ne de teren'lestiriw h'a'm puharalıq ja'miyetti rawajlandırıw kontseptsiyası»n ilgeri su'rdi

Bul elimizdin' rawajlanıwın jan'a sapalıq basqıshqa ko'teriw boyınsha programmalıq h'u'jjet Prezidentimizdin' ja'ne bir ma'rte siyasiy boljawshılıg'ının' durıs ekenin, aldımızdıg'ı maqset - Ullı O'zbekstan da'rejesine erisiwimizdin' kepili ekenin ko'rsetpekte.

Usı Kontseptsiya tiykarında Konstitutsiyamızg'a kirgizilgen o'zgerisler siyasiy partiyalardın', olardın' parlamenttegi fraktsiyalarının', ulıwma parlamenttin' ha'mde jergilikli wa'killilik organlarının' juwapkershiligin asırıwdı zaman talabı da'rejesine alıp keldi. Konstitutsiyag'a kirgizilgen qosımshalar ha'm o'zgerisler siyasiy partiyalarg'a ken' imka'niyatlardın' h'uqıqıy bazasın rawajlandırdı.

Bu'gingi ku'nde jan'a siyasiy-h'uqıqıy ma'kanda partiyalardın' alıp barıp atırg'an jumıslarının' analizi to'mendegishe jwwmaq shıg'arıw imka'niyatın beredi.

Birinshiden, siyasiy partiyalar ushın juwapkershiligi joqarı, ja'miyetimiz ha'm anıq bir regionnın' turmısına baylanıslı problemalardın' sheshimin bere alatug'ın joqarı professional da'rejedegi insanlardın' da'wiri kelgenin ko'rsetti, partiyalar o'zlerinin' ishki sho'lkemlesiw problemalarına itibar qaratıp, usınday insanlardı siyasiy maydang'a shıg'arıw boyınsha jedel pa't penen o'z iskerligin alıp barmaqta.

Ekinshiden, jan'a h'uqıqıy tiykarlar partiyalar arasında siyasiy ba'sekilesiwdi, fraktsiyalarara gu'resti, jaylarda partiya deputatlıq gruppaları aralıq ba'sekelesiwdin' ku'sheyiwine alıp keldi.

U'shinshiden, siyasiy partiya fraktsiyaları partiyalardın' programmalıq wazıpaları ha'm saylaw aldı platformasın a'melge asırıw boyınsha tu'rli da'rejedegi deputatlar gruppaları h'a'm partiyanın' jaylardag'ı sho'lkemleri menen o'z-ara birge islesiwinin' jan'a formaları ha'm mexanizmlerin islep shıg'ıw, olardı jan'a siyasiy texnologilar tiykarında a'melge asırıw boyınsha jedel jumıslardı alıp

barmaqta. Partiyalardın' deputatlıq gruppaları oblast, qala ha'm rayonlardın' sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlanıwı, ekonomikanın' ma'lim bir tarmaqların rawajlandırıw boyınsha jan'a joybarlardı usınbaqta.

To'rtinshiden, siyasiy partiyalar ja'miyetimizdi rawajlanıwdın' jan'a da'rejesine jetkeretug'ın mexanizmlerdin' biri milliy ideyamızg'a say da'rejede muqaddes ana jurtımızdın' tınıshlıg'ı ha'm rawajlanıwın ta'miyinlewge bag'darlang'an do'retiwshilik ideyaların ha'm jan'a joybarların wa'killilik organlarının' barlıq da'rejesinde a'melge asırıw arqalı iskerliginin' jedellestiriliwi menen xarakterlenedi.

Besinshiden, en' baslısı, O'zbekstandag'ı siyasiy partiyalardın' ideologiyası, tiykarg'ı ideyaları, bu'gingi do'retiwshilik iskerligi bir ja'miyettin' ishindegi siyasiy partiyalar tek do'retiwshi ideyalardı a'melge asırıwshı subktler sıpatında bola alatug'ının is ju'zinde da'lillegen halda partalogiya iliminde jan'asha betti ashtı, jan'a siyasiy ta'jriybeni is ju'zinde ko'rsetpekte.

## Paydalanılg’an a’debiyatlar dizimi:

1. Wzbekiston Respublikasining Konstitutsiyasi. T. Wzbekiston, 2011.
2. Wzbekiston Respublikasining «Siësiy partiyalar twg’risida»gi Qonuni
3. Wzbekiston Respublikasining «Siësiy partiyalarni moliyalashtirish twg’risida»gi Qonuni
4. Wzbekiston Respublikasining «Davlt boshqaruvini yangilash va yanyada demokratlashtirish hamda mamlakatni modernizatsiya qilishda siësiy partiyalarning rolini kuchaytirish twg’risida»gi Konstitutsiyaviy Qonuni
5. Kapimov İ.A. Uzbekistan: sobstvennaya model pepexoda k pınochnım otnosheniyam. Tashkent-1993 g.
6. Kapimov İ.A. Uzbekiston iqtisodiy isloh’otlapni chuquplashtipish yulida. Tashkent,1995 y.
7. Kapimov İ.A. Hozipgi bosqichta demokpatik isloh’otlapni chuquplashtipishning muh’im vazifalapi. 1996 y.
8. Kapimov İ.A. «Wzbekiston XXI asr bwsag’asida: xavfsizlikka tah’did, barqarorlik shartlari va taraqqiët kafolatlari». Toshkent, «Wzbekiston», 1997 yil.
9. Kapimov İ.A. «Jamiyatimiz mafkurasi xalqni-xalq, millatni-millat qilishga xizmat etsin», «Tafakkur» jurnali bosh muh’arriri savollariga javoblar. 1998.
10. Karimov İ.A. Vatanimizning tinchligi va h’avfsizligi wz kuch-qudratimizga, xalqimizning bukilmas irodasiga bog’liq. T. Wzbekiston.2004.
11. Kapimov İ.A. Uzbekiston XXI aspga intilmoqda.Toshkent, 1999.
12. Kapimov İ.A. «Milliy istiqlol mafkurasi – xalq etiqodi va buyuk kelajakka ishonchdir». «Fidokor» gazetasi savollariga javoblar. Toshkent, 2000.
13. Karimov İ.A. Wzbekiston demokratik taraqqiëtning yangi bosqichida. Toshkent, «Wzbekiston», 2005.
14. Karimov İ.A. «Parlament – jamiyat h’aëtining kwzgisi». Toshkent, «Wzbekiston», 2005.
15. Karimov İ.A. Wzbek xalqi h’ech qachon, h’ech kimga qaram bwlmaydi. Toshkent, 2005 yil
16. Prezident İslom Karimovning Wzbekiston Respublikasi Oliy Majlisi Senatining beshinchi yalpi majlisidagi nutqidan. Toshkent, 2006 yil.
17. Karimov İ.A. Yuksak manaviyat-engilmas kuch. «Manaviyat» 2008 yil.
18. Karimov İ.A. Elimizdi modernizatsiyalaw ha’m ku’shli puqaralıq ja’miyet qurıw - en’ a’h’miyetli maqsetimiz. O’zbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatası h’a’m Senatının’ qospa ma’jilisindegi bayanatı. «Erkin Qaraqalpaqstan» - 2010-jıl 29-yanvar, No’kis qalası.
19. Karimov İ. A. Ma’mleketimizde demokratiyalıq reformalardı ja’ne de teren’lestiriw ha’m puh’aralıq ja’miyetti rawajlandırıw kontseptsiyası. Prezident İslam Karimovtın’ O’zbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatası ha’m Senatının’ qospa ma’jilisindegi bayanatı. «Erkin Qaraqalpaqstan» 2010-jıl 14-noyabr, No’kis.
20. Abdunabiev A.G., Usmanov G.N. İdeya natsionalnoy nezavisimosti i vospitanie molodeji. T., 2002.

21. Giddens Entoni. Sotsiologiya. Joqarı oqıw orınları ushın qollanba. Tashkent, 2003.

22. Gorenkova A. İdeya natsionalnoy nezavisimosti i demokraticheskoe razvitie Uzbekistana. V kn.: «Wzbekistonda demokratik isloh’otlarni rivojlantirishning dolzarb vazifalari». T.,2005.

23. «Davlat boshqaruvini yangilash va yanyada demokratlashtirish h’amda mamlakatni modernizatsiya qilishda siësiy partiyalarning rolini kuchaytirishning h’uquqiy asoslari» mavzusidagi xalqaro «davra suh’bati»ning materiallari. Toshkent, 2007 yil.

24. Jalmenov. U.A. «Uzbekistan: Milliy istiklol mafkurasi yangi tipdagi ijtimoiy texnologiya sifatida». Materialı Respublikanskoy Nauchno-prakticheskoy konferentsii «Nauchnıe osnovı propagandı idei natsionalnoy nezavisimosti». Tashkent, 2002 god.

25. Jalmenov. U.A. İtogovıy nauchnıy otchet po gosbyudjetnoy teme 1.2.3. «Razrabotka kontseptsii formirovanie ideologii natsionalnoy nezavisimosti» Gosudarstvennoy nauchno-texnicheskoy Programmı Gosudarstvennogo komiteta po nauke i texnike Respubliki Uzbekistan. Tashkent 1999 god.

26. Jalmenov. U.A. İtogovıy nauchnıy otchet po gosbyudjetnoy teme 1.3.10. «Sotsioinjenernoe obespechenie formirovaniya ideologii natsionalnoy nezavisimosti kak novogo tipa sotsialnoy texnologii» Gosudarstvennoy nauchno-texnicheskoy Programmı Gosudarstvennogo komiteta po nauke i texnike Respubliki Uzbekistan. Tashkent 2002 god.

27. Jalmenov. U.A. Texnologicheskiy podxod v demokraticheskom obnovlenii i modernizatsii uzbekskogo obshestva. Materialı mejdunarodnogo kruglogo stola «Sovremennıy opıt obshestvenno-politicheskoy modernizatsii i voprosı obespecheniya stabilnosti» (g.Buxara, 20-21 aprelya 2007 goda), «Akademiya», Tashkent 2007.

28.Jalmenov U.A. Partiyam predstoit sıgrat klyuchevuyu politicheskuyu rol. «Uzbekistan today», 20 sentyabrya 2007 goda, №38.

29.Jalmenov U.A. Vakolat va masuliyatning yangi bosqichi. «Moh’iyat», 2 noyabr 2007 yil, №43 (376)

30.Jalmenov U.A. Garantiya prav grajdan. «Narodnoe slovo» ot 3 maya 2008 goda, №88 (4467).

31. Jalmenov. U.A. İjtimoiy guruh’lar va ishlab chiqarish samaradorligi. «Demokratik jamiyat qurishda kuchli ijtimoiy siësat va adolat» ilmiy–amaliy konferentsiya materiallari (Toshkent, 28-29 oktyabr 2008 yil). Nizomiy nomidagi TDPU, 2008.

32. Jalmenov. U.A. Politicheskie partii i voprosı povısheniya politicheskoy aktivnosti elektorata, obespecheniya demokraticheskix vıborov v predstavitelnıe organı vlasti. Materialı mejdunarodnogo kruglogo stola «Politicheskie partii i vıborı: mirovaya praktika i zakonodatelstvo Uzbekistana» (g.Tashkent, 29-30 sentyabrya 2009 goda), «Akademiya», Tashkent 2009.

33. Jalmenov U.A, Juraev S.A, Korenev İ.A. Uzbekistan: modernizatsiya i razvitie politicheskoy sistemı. «Akademiya», Tashkent, 2009 god.

34. Jalmenov. U.A. Professionalnıy parlament Uzbekistana: opıt, rol partii i zadachi. «Wzbekistonda parlament institutining rivoji va istiqbollari: siësiy, h'uquqiy va tashkiliy jih'atlari» ilmiy–amaliy konferentsiya materiallari (Toshkent, 15 aprel 2010 yil). Toshkent davlat sharqshunoslik instituti, 2010.
35. Jalmenov. U.A. Novaya arxitektura mirovoy politiki i vneshnepoliticheskie initsiativı Respubliki Uzbekistan. Materialı nauchno-prakticheskoy konferentsii «Uzbekistan i mejdunarodnoe soobshestvo: politicheskie, pravovıe i organizatsionnıe aspektı integratsii». İnstitut Vostokovedeniya, gorod Tashkent, 2011 god.
36. Jalmenov. U.A. 20 letie filosofii sozidaniya i sotrudnichestva: vneshnepoliticheskie initsiativı Uzbekistana. Materialı nauchno-prakticheskoy konferentsii KGU, Nukus, 2011 god.
37. Jalmenov. U.A. Demokratik isloh'otlar partiyamizga katta masuliyat yuklaydi. «Milliy tiklanish» gazetasi. 16 mart 2011 yil, №19(123).
38. Jalmenov. U.A. Wzbekiston: demokratik isloh'otlarni chuqurlashtirishning yangi bosqichi. «Milliy tiklanish» gazetasi. 27 aprel 2011 yil, №26(129).
39. Jalmenov. U.A. Rol parlamentskogo kontrolya v mexanizme gosudarstvennoy vlasti. Gazeta "Narodnoe slovo", 7 iyunya 2011 goda.
40. Jalmenov. U.A. Vajnıy shag v dalneyshey demokratizatsii gosudarstvennoy vlasti i upravleniya. Gazeta "Vesti Karakalpakstana", 9 avgusta 2011 goda.
41. Jalmenov. U.A. Mejdunarodnaya deyatelnost Zakonodatelnoy palatı Oliy Majlisa Respubliki Uzbekistan: sostoyanie i perspektivı. Materialı NPK «İzmeneniya v arxitekture mirovoy politiki v XXI veke: realizatsiya kontseptsii Soft Power i praktika primenenie norm Konstitutsii Respubliki Uzbekistan v oblasti vneshney politiki». İnstitut Vostokovedeniya, gorod Tashkent, 16 dekabrya 2011 goda.
42. Jalmenov. U.A. Realizatsiya kontseptsii prezidenta: vajnıy shag v dalneyshey demokratizatsii gosudarstvennoy vlasti i upravleniya v Uzbekistane. Kontseptsiya: demokratik isloh'otlar va jamiyat taraqqiëti (maqolalar twplami). Wzbekiston Respublikasi Oliy Majlisi Qonunchilik palatasi, Toshkent, 2011 yil.
43. Jalmenov. U.A. Fraktsiyalararo kurash partiya g'oya va maqsadlarini ruëbga chiqarishning vositasi sifatida. «Milliy tiklanish» gazetasi. 28 mart 2012 yil.
44. Jumaev Sh. «Milliy g'oya va mafkura targ'iboti – h'aëtiy zarurat».// «Marifat», 2006 yil 6 sentyabr.
45. İbragimov N. İdeologiya nezavisimosti Uzbekistana: problemı formirovaniya i razvitiya. T., 2000.
46. İvanov V.N., Patrushev V.İ.. İnnovatsionnıe sotsialnıe texnologii gosudarstvennogo i munitsipalnogo upravleniya. Moskva 2001.
47. Materialı Mejdunarodnoy nauchno-prakticheskoy konferentsii «Kontseptsii dalneyshego uglubleniya demokraticheskix reform i formirovaniya grajdanskogo obshestva». Tashkent, 22-23 aprelya 2011 goda.
48. Milliy istiqlol g'oyasi: asosiy tushuncha va tamoyillar. Toshkent, 2001

yil
49. Milliy istiqlol g’oyasini xalqimiz ongiga singdirish omillari va vositalari.Toshkent, 2002, «İjod dunyasi» nashriët uyi.
50. Osnovı sotsiologii. Pod ped.Kpavchenko A.A. Moskva-1998
51. Parlament nazorati: nazariya va amaliët masalalari. Toshkent, 2005
52. Politologicheskiy entsiklopedicheskiy slovap. Moskva-1998.
53. Pulatova D.A. Rol natsionalnoy idei i ideologii v ukreplenii duxovnıx osnov nezavisimosti Uzbekistana. 2001.
54. Smelzep Heyl. Sotsiologiya. Moskva-1994.
55. Sotsiologiya. Slovap-sppavochnik. M. Hauka-1990
56. Sotsiologicheskiy entsiklopedicheskiy slovap. Moskva-1998.
57. Tadjiev X. Teoreticheskie i metodologicheskie voprosı natsionalnoy ideologii. T., 1999.
58. Twraev B., Ramatov J. Milliy istiqlo g’oyasi: asosiy xususiyatlari, falsafiy va tarixiy ildizlari.T., 2002.
59. Twraev Sh. Demokratik jaraënlar va milliy g’oya. Toshkent. 2008
60. Wzbekistonda siësiy partiyalar. Toshkent, 2007.
61. «Wzbekiston demokratik isloh’otlar ywlida» mavzusidagi xalqaro ilmiy-amaliy konferentsiya materiallari. Toshkent, 2007 yil
62. Xalilov E. X. Wzbekiston Respublikasining qonun chiqaruvchi oliy organi: soxta vakillikdan h’aqiqiy parlamentarizmga qadar. Toshkent, «Wzbekiston», 2001.
63. «Adolat» gazetasının’ materialları. 2010-2012 jj.
64. «Milliy tiklanish» gazetasının’ materialları. 2010-2012 jj.
65. «XXI asr» gazetasının’ materialları. 2010-2012 jj.
66. «Wzbekiston ovozi» gazetasının’ materialları. 2010-2012 jj.
67. «Golos Uzbekistana» gazetasının’ materialları. 2010-2012 jj.